

***SAPARAN ING PADHUKUHAN SOKOMOYO, KALURAHAN JATIMULYO,
KAPANEWON GIRIMULYO, KABUPATEN KULON PROGO***

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minangka Jejangkeping Pandadaran

Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Arum Migi Rohana

16205241045

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan
Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo* menika saged
dipunuji awit pikantuk palilah saking pembimbing.



Yogyakarta, 22 Juni 2020

Dosen Pembimbing

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum

NIP. 19640403 199001 1 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo* menika sampun dipunandharaken wonten *pendadaran* sangajengipun Dewan Penguji ing tanggal 26 Juni 2020 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		27 Juli 2020
Sri Hertanti Wulan, M.Hum.	Sekretaris Penguji		27 Juli 2020
Dr. Afendy Widayat, M.Phil.	Penguji Utama		27 Juli 2020

Yogyakarta, 27 Juli 2020

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Sri Harti Widyastuti, M.Hum.

NIP. 19621008 198803 2 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Arum Migi Rohana**

NIM : 16205241045

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan wosing skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha paugeran panyeratan ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 22 Juni 2020

Panyerat,



Arum Migi Rohana

SESANTI

Sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan.

(Q.S Al-Insyirah: 6)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula aturaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak Tukimin saha Ibu Suyanti ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung saha donga pangestu satemah skripsi menika saged paripurna.

SAPARAN ING PADHUKUHAN SOKOMOYO, KALURAHAN JATIMULYO, KAPANEWON GIRIMULYO, KABUPATEN KULON PROGO

Dening:
Arum Migi Rohana
NIM 16205241045

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken mula bukanipun saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, prosesi, ubarampe, makna simbolik, saha paedahipun saparan kangge masarakat.

Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *deskriptif kualitatif*. Caranipun ngempalaken data ngginakaken *observasi partisipatif*, *wawancara mendalam*, saha *study dokumentasi*. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu *kamera*, buku cathetan, saha *handphone*. Caranipun nganalisis data onten panaliten menika ngginakaken teknis analisis induktif. Caranipun ngesahaken data ngginakaken *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Asailing panaliten menika nedahaken bilih: (1) Mula bukanipun saparan ing Padhukuhan Sokomoyo kala rumiyin ing Padhukuhan Sokomoyo wonten wabah penyakit ingkang boten wonten tambanipun, lajeng dipunwontenaken slametan, kawiwitan taun 1950 saben wulan sapar. (2) Prosesi saparan ing Padhukuhan Sokomoyo kaperang dados gangsal, inggih menika: (a) cecawis papan, (b) nyadran, (c) cecawis ubarampe, (d) kirab saha upacara, (e) pagelaran ringgit purwa. (3) Makna simbolik ubarampe ingkang dipunginakaken wonten salebeting saparan ing Padhukuhan Sokomoyo minangka raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring keslametan, kamulyan, kabagaswarasan, saha kaberkahan. Ubarampe ingkang dipunginakaken ugi kangge sarana ngemutaken dahateng para leluhur ingkang sampun sumare. Kajawi saking menika sadaya ubarampe ugi gayut kaliyan pagesangan manungsa. (4) Paedahipun saparan ing Padhukuhan Sokomoyo tumraping warga masarakat inggih menika: (a) paedah ing *bidang sosial*, (b) paedah ing *bidang ekonomi*, (c) paedah ing *bidang budaya*, (d) paedah ing *bidang pariwisata*, (e) paedah ing *bidang agama*.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Gusti Allah SWT. Inggang sampun paring kasarasan saha kanugrahan, satemah panyerat saged ngrampungaken *tugas akhir skripsi* kanthi irah-irahan “*Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*” kanthi lancar. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Skripsi menika saged rampung amargi dipunsengkuyung saha dipunbiyantu saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kula satemah saged pados ngelmu wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Ibu Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idi kangge nglampahi panaliten menika.
3. Bapak Dr. Afendy Widayat, M.Phil, minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nglampahi panaliten skripsi kula.
4. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum, minangka *Dosen Pembimbing* ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar sadangunipun kula nyerat skripsi.
5. Bapak Dr. Mulyana, M.Hum, minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring bimbingan, kawruh, saha pandom sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh ingkang murakabi tumrap panyerat.
7. *Staf Karyawan* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu.
8. Dosen Penguji Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pamrayogi satemah skripsi kula saged katampi.

9. Tiyang sepuh kula, Bapak Tukimin saha Ibu Suyanti, rayi kula Kurnia Febriani, ugi Mbah Parman, Mbah Wartu, Mbak Yanti, saha Mbak Mayang ingkang sampun paring panyengkuyung, panjurung saha donga pangestu tumrap panyerat.
10. Kanca-kanca M-E-M-E-T-I (Ega, Hikmah, Aul, Nica, Adib, Bukhori, Tyan), kanca-kanca sambat (Arifin, Zahro, Aya, Fitri, Henny, Ana) ingkang sampun paring semangat saha pambiyantu.
11. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2016, kanca-kanca Paguyuban Bhra Wilasa, saha sadaya pihak ingkang boten saged kula sebut satunggal mbaka satunggal ingkang sampun paring donga saha panyengkuyung dhateng panyerat satemah skripsi menika saged rampung kanthi lancar.

Skripsi menika temtu kemawon taksih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asoring panyerat, mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 22 Juni 2020

Panyerat,



Arum Migi Rohana

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN.....	Error! Bookmark not defined.
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
SARINING PANALITEN	vii
PRAWACANA	viii
DAFTAR ISI.....	x
DAFTAR GAMBAR	xiii
DAFTAR LAMPIRAN	xiv
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	4
C. Watesing Prakawis	4
D. Wosing Prakawis.....	5
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Watesaning Istilah lan Pangertosan	7
BAB II GEGARAN TEORI.....	9
A. Kabudayan.....	9
B. Folklor.....	10
C. Upacara Tradhisi	14
D. Panaliten Ingkang Gayut	17
BAB III CARA PANALITEN	19
A. Jinising Panaliten	19
B. Setting Panaliten	19
C. Data lan Sumbering Data	20
D. Caranipun Ngempalaken Data	21

E. Pirantining Panaliten Partisipatif	22
F. Caranipun Ngesahaken Data	23
G. Caranipun Nganalisis Data.....	23
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	25
A. Deskripsi Setting Panaliten	25
2. Paraga Tradhisi Saparan.....	27
a. Paraga Kirab	27
b. Agami	30
B. Mula Buka Tradhisi Saparan.....	30
C. Prosesi Upacara Tradhisi Saparan.....	33
1. Cecawis	33
2. Nyadran	35
3. Prosesi Kirab Saparan	36
4. Pasugatan Seni Jathilan	44
5. Tirakatan saha Pagelaran Ringgit Purwa.....	45
D. Makna Simbolik Ubarampe	46
1. Tumpeng Fajar Golong Sejdho	47
2. Tumpeng Rasul Golong 12.....	48
3. Ambeng 4	50
4. Ingkung Pitik	52
5. Sega Liwet (Bethak Sepuh).....	53
6. Jenang Abang saha Jenang Putih.....	54
7. Jenang Pliringan	56
8. Jenang Palang	57
9. Jenang Wangi	58
10. Rujak Degan	59
11. Arang-arang Kambang.....	60
12. Larakan	61
13. Lawuhan.....	62
14. Kembang Kinang	63
E. Paedahipun Tradhisi Saparan Kangge Masarakat.....	64

BAB V PANUTUP	70
A. Dudutan.....	70
B. Implikasi.....	75
C. Pamrayogi	75
KAPUSTAKAN.....	76
LAMPIRAN	78

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1: Peta Padhukuhan Sokomoyo	25
Gambar 2: Joglo Padma Saputro	26
Gambar 3: Urut-Urutan Paraga Kirab	28
Gambar 4: Cucuk Lampah	38
Gambar 5: Jolen Padhukuhan	39
Gambar 6: Santri 9	40
Gambar 7: Bregada Jolen RT 004	40
Gambar 8: Pangombyong RT 005	41
Gambar 9: Bregada Seni Jathilan	42
Gambar 10: Paritan Jolen	43
Gambar 11: Pasugatan Seni Jathilan	44
Gambar 12: Pagelaran Ringgit Purwa	45
Gambar 13: Tumpeng Fajar Golong Sejdho	47
Gambar 14: Tumpeng Rosul Golong 12	49
Gambar 15: Ambeng 4	51
Gambar 16: Ingkung Pitik	52
Gambar 17: Segi Liwet (Bethak Sepuh)	54
Gambar 18: Jenang Abang	54
Gambar 19: Jenang Putih	55
Gambar 20: Jenang Pliringan	56
Gambar 21: Jenang Palang	57
Gambar 22: Jenang Wangi	58
Gambar 23: Rujak Degan	59
Gambar 24: Arang-arang Kambang	60
Gambar 25: Larakan	61
Gambar 26: Lawuhan	62
Gambar 27: Kembang Kinang	63

DAFTAR LAMPIRAN

Catatan Lapangan Observasi (CLO)	Kaca 79
Catatan Lapangan Wawancara (CLW)	89
Surat Izin Penelitian Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah	107
Surat Izin Penelitian Fakultas Bahasa dan Seni	108
Surat Pernyataan	109

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Kabudayan ing Negara Indonesia menika beda-beda, amargi jumbuh kaliyan *karakteristik* saben dhaerahipun piyambak-piyambak. tuladha kabudayan dhaerah inggih menika griya adhat, ageman, jogedan, upacara tradhisi, lan sapanunggalanipun. Salah satunggaling budaya ingkang taksih dipunlestantunaken wonten ing tlatah Jawi inggih menika upacara tradhisi. Vorhess (lumantar Adibah, 2015: 147) ngandharaken bilih tradhisi inggih menika sadaya ingkang mujudaken adat, kapitadosan, saha *kebiasaan*. Upacara tradhisi ingkang dados adat, kapitadosan, saha *kebiasaan* menika ancasipun kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT saha nenuwun supados dipuntebihaken saking bebaya. Awit saking menika anggenipun ngucap syukur, masarakat ngawontenaken upacara tradhisi saparan.

Saparan inggih menika tradhisi turun temurun ingkang dipuntindaken ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo. Masarakat Jawi biasanipun nindakaken tradhisi miturut penanggalan Jawi wonten ing kalender Jawi, saparan menika ugi jumbuh kaliyan penanggalan Jawi ingkang dipuntindakaken nalika wulan sapar (Ningsih, 2019: 88). Saparan menika asalipun saking tembung “Sapar” ingkang tegesipun ritual utawi tradhisi ingkang dipuntindakaken satunggal taun sepisan wonten wulan sapar. Saparan menika tradhisi kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun maringi rejeki.

Ningsih (2019: 87) ngandharaken bilih mula bukanipun saparan dipunginakaken kangge slametan utawi syukuran desa, warga gadhah pangajab kanthi adicara menika desanipun saged pikantuk berkah saha rejeki ingkang kathah, saha dipuntebihaken saking bebaya. Rejeki ingkang dipunmaksud menika wujudipun kathah, kadosta keslametan, kamulyan, kabagaswarasan, saha kaberkahan. Kajawi saking menika, saparan ugi dipunpitados saged kangge tolak bala. saha kangge ngraketaken sadaya warga masarakat satunggal padhukuhan.

Tradhisi saparan menika temtu kemawon gadhah cariyos mula bukanipun saha wonten prosesi ingkang kedah dipunlampahi. Boten kesupen kedah nyawisaken ubarampe ingkang gadhah makna piyambak-piyambak. Wujud ubarampe saking Saparan inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng papat, golong rolas, golong sejodho, bethak sepuh, jenang abang putih, jenang pliringan, jenang palang, jenang wangi, rujak degan, arang-arang kambang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo kawiwitan taun 1950. Kala rumiyin warga Padhukuhan Sokomoyo sami nandhang sakit ingkang boten dipunmangertosi tambanipun, lajeng sasampunipun dipunwontenaken adicara saparan, penyakit ingkang ndadosaken warga bingung menika saged ical saking Padhukuhan Sokomoyo. Wiwit taun 1950 dumugi samenika sampun kathah ewah-ewahan ngengingi rerangkening adicara Saparan. Ewah-ewahan menika kados mekaten, ing taun 1950-an wonten salebeting rerangkening adicara dipunadani adicara beksan tledhek, taun 1980-an namung wonten pagelaran ringgit purwa kemawon, amargi sampun boten wonten warga Padhukuhan Sokomoyo ingkang

saged mbeksan tledhek. Lajeng wonten taun 2000-an dumugi samenika lampahing upacara utawi prosesi dipunperang dados kalih wekdal. Ingkang siyang dipunlampahi kirab saha pasugatan seni jathilan, dene dalunipun dipunwontenaken tirakatan saha pagelaran ringgit purwa.

Saparan minangka tradhisi ingkang dipuntindakaken masarakat Jawi saha meh sadaya kagiyatanipun mbetahaken sadaya masarakat ingkang wonten (Ningsih, 2019: 88). Wonten ing lampahing saparan menika, sadaya masarakat satunggal padhukuhan sami sareng-sareng nyengkuyung adicara menika kanthi kempal wonten ing Joglo Padma Saputro ingkang mapan wonten Padhukuhan Sokomoyo. Omah Joglo menika ingkang dipunginakaken saben taun kangge nglampahi tradhisi menika. Sadaya masarakat sami kempal kangge ndedonga sesarengan supados saged manggihaken keslametan wonten warsa salajengipun.

Saparan menika mujudaken satunggaling cara kangge nglectantunaken tradhisi ingkang sampun turun temurun. Saparan badhe dipuntaliti amargi panaliti gadhah pepinginan badhe mangertosi bab mula bukanipun saparan, prosesi, ubarampe lan makna simbolik, saha paedah saparan kangge masarakat ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon progo. Kajawi saking menika, *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo* dereng nate dipuntaliti.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, saged dipunpendhet underaning prakawis kados ing ngandhap menika.

1. Mula bukanipun *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
2. Prosesi *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
3. Ubarampe saha makna simbolik ing salebeting *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
4. Paedah kangge masarakat dipunwontenaken *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
5. Ancasipun dipunwontenaken *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*

C. Watesing Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis ing nginggil, supados panaliten langkung *fokus*, pramila panaliti matesi prakawis ingkang badhe dipuntliti. Prakawis wonten ing panaliten dipunwatesi kados ing ngandhap menika.

1. Mula bukanipun *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*

2. Prosesi *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
3. Ubarampe saha makna simbolik ing salebeting *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
4. Paedah kangge masarakat dipunwontenaken *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar watesaning prakawis ing nginggil, saged kapendhet prakawis ingkang badhe dipuntliti kados ing ngandhap menika.

1. Kadospundi mula bukanipun *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
2. Kadospundi prosesi *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
3. Menapa kemawon ubarampe saha makna simbolik ing salebeting *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*
4. Menapa kemawon paedah kangge masarakat dipunwontenaken *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.*

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis ing nginggil, saged dipunmangertosi ancasing panaliten kados ing ngandha menika.

1. Ngandharaken kadospundi mula bukanipun *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*.
2. Ngandharaken kadospundi prosesi *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*.
3. Ngandharaken menapa kemawon ubarampe saha makna simbolik ing salebeting *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*.
4. Ngandharaken menapa kemawon paedah kangge masarakat dipunwontenaken *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*.

F. Paedahing Panaliten

1. Paedah Teoritis

Paedah teoritis saking panaliten menika kaangkah kangge nambah *referensi* panaliten bab upacara tradhisi saha dipunkajengaken saged nambah asiling panaliten bab budaya, mliginipun ingkang gayut kaliyan upacara tradhisi.

2. Paedah Praktis

Panaliten menika saged kangge nambah seserepan kangge pamaos bab upacara tradhisi, menapa kemawon ubarampe ingkang dipunginakaken,

kadospundi prosesinipun lan menapa paedah saking upacara tradhisi menika. Panaliten menika ugi saged dipundadosaken *dokumentasi* saha pasinaon, saha saged dipunginakaken kangge *promosi* budaya mliginipun ing padhukuhan Sokomoyo.

G. Watesaning Istilah lan Pangertosan

1. Kabudayan

Miturut Koentjaraningrat (2009:144) kabudayan inggih menika sadaya sistem gagasan, tindakan saha asil karyanipun manungsa wonten ing pagesangan masarakat ingkang dipundadosaken gadhahipun piyambak kanthi cara sinau. Budaya inggih menika salah satunggaling pakulinan ingkang kompleks saking masarakat ingkang dipunlestantunaken supados taksih wonten kangge putra wayah salajengipun. Budaya menika dados titikan ingkang khas saking salah satunggaling dhaerah menika. Kejawi saking menika, budaya ugi salah satunggaling *aset* ingkang wigatos sanget lan saben tiyang kedah remen tumrap budayanipun.

Kabudayan ing saben dhaerah menika beda-beda, amargi jumbuh kaliyan *karakteristik* saben dhaerahipun piyambak-piyambak. Tuladha kabudayan dhaerah inggih menika griya adhat, ageman, jogedan, upacara tradhisi, lan sapanunggalanipun. Salah satunggaling budaya ingkang taksih dipunlestantunaken wonten ing tlatah Jawi inggih menika upacara tradhisi.

2. Upacara Tradhisi Saparan.

Upacara Tradhisi inggih menika satunggaling kagiyatan sosial ingkang dipunsengkuyung dening warga masarakat kangge manggihaken kawilujengan saking Gusti Allah SWT. Upacara tradhisi menika wonten kathah tuladhanipun, kadosta tradhisi rosulan, sekaten, andum berkah, saparan, larungan, lan sapanunggalanipun. Salah satunggaling tradhisi ingkang taksih dipunlestantunaken wonten ing tlatah Ngayogyakarta inggih menika Saparan.

Miturut Baoesastra Jawa saparan asalipun saking tembung “sapar” minangka wulan Arab ingkang kaping kalih. Dados Saparan inggih menika slametan ingkang dipuntindakaken satunggal taun sepisan ing wulan sapar. Saparan gadhah ancas kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah ingkang sampun maringi rejeki. Rejeki menika wujudipun kathah, kadosta kaslametan, kamulyan, kabagaswarasan, saha kaberkahan. Saparan ugi dipunitados kangge tolak bala.

Saparan menika kabudayan ingkang taksih dipunlestantunaken dening warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Kabudayan

Miturut Koentjaraningrat (2002: 9) kabudayan asalipun saking basa Sansekerta *buddhayah*, minangka bentuk jamak saking buddhi ingkang tegesipun ‘budi’ utawi ‘akal’. Kabudayan inggih menika sadaya sistem gagasan, tindakan saha asil karyanipun manungsa wonten ing pagesangan masarakat ingkang dipundadosaken gadhahipun piyambak kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 2009:144). Spradley (lumantar Endraswara, 2017: 17) ngandharaken bilih ingkang dipunwastani kabudayan inggih menika sistem pengetahuan ingkang dipunpanggihaken manungsa kanthi cara sinau.

Koentjaraningrat (2009:150) ngandharaken bilih wujud saking kabudayan menika wonten tiga, inggih menika *gagasan, aktivitas, saha artefak*.

1. *Gagasan* minangka wujud kabudayan wonten ing pamikiran warga masarakat. Cirinipun namung saged dipunraosaken, boten saged dipunpirsani saha dipuncepeng.
2. *Aktivitas* utawi tindakan inggih menika wujud kabudayan ingkang awujud tindakan ingkang gadhah *pola* saking manungsa wonten ing masarakat. Cirinipun saged dipunraosaken saha dipunpirsani, ananging boten saged dipuncepeng.
3. *Artefak* utawi karya inggih menika wujud kabudayan *fisik* ingkang arupi asiling *aktivitas* saha karya manungsa wonten ing masarakat. Cirinipun saged dipuncepeng, dipunpirsani, utawi dipundokumentasikaken.

Dados Saparan menika ngewrat sadaya wujud budaya ingkang wonten, wujud *gagasan* saking Saparan inggih menika paedah kangge masarakat saha makna simbolik saking ubarampe ingkang dipunginakaken, wujud *aktivitas*-ipun inggih menika mula bukanipun Saparan saha prosesi Saparan, lajeng ingkang wujud *artefak* inggih menika sadaya ubarampe ingkang cumawis.

Miturut Koentjaraningrat (2009: 2) kabudayan gadhah saperangan unsur, inggih menika:

1. *Sistem religi,*
2. *Organisasi sosial,*
3. *Sistem pengetahuan,*
4. *Bahasa,*
5. *Kesenian,*
6. *Sistem mata pencaharian hidup,*
7. *Sistem peralatan hidup dan teknologi.*

Unsur-unsur kabudayan ing nginggil jumbuh kaliyan wujud kabudayan inggih menika *gagasan*, *aktivitas*, saha *artefak*. Saparan minangka salah satunggaling kabudayan ingkang ngrembaka wonten tengahing masarakat lan dipunmangertosi kanthi cara turun temurun. Pramila wonten bab menika dipunrembag folklor ingkang taksih ngrembaka ing tengahing masarakat.

B. Folklor

Miturut Moeis (1988: 127-128) folklor saged awujud kapitadosan, adat-istiadat, saha upacara ingkang pinanggih wonten ing bebrayan, lan ugi samukawis ingkang kadamel dening tiyang ingkang raket sanget gegayitanipun kaliyan pagesangan spiritual, upamanipun awisan supados boten nindakaken samukawis ingkang cengkah kaliyan *norma* pagesangan.

Miturut Alan Dundes (lumantar Danandjaja, 1991: 1) *Folklore* asalipun saking kalih tembung dhasar inggih menika “*folk*” kaliyan “*lore*”. *Folk* inggih menika kelompok tiyang ingkang gadhah *ciri-ciri pengenalan fisik, sosial, saha kabudayan*, satemah saged dipunbedakaken saking kelompok sanesipun. Ciri saking *pengenalan* menika saged awujud warni kulit ingkang sami, rikma ingkang sami, saha agami ingkang sami. Ananging ingkang langkung wigati sadaya masarakat kala wau gadhah tradhisi, inggih menika kabudayan ingkang sampun turun temurun. Lajeng *lore* inggih menika tradhisi *folk* ingkang saperangan kabudayanipun dipunwarisaken turun-temurun kanthi cara lisan.

Miturut Brunvand (lumantar Endraswara, 2010: 7-8) folklor dipunperang dados tiga inggih menika *folklor lisan*, *folklor adat istiadat*, saha *folklor material*.

1. *Folklor lisan*

Folklor lisan inggih menika folklor ingkang wujudipun murni lesan. Wujud *folklor lisan* inggih menika *ujaran rakyat (folk speech)* kados dene *julukan, dialek, ungkapan* saha ukara tradhisional, pitakenan *rakyat, mite, legenda, nyanyian rakyat*, lan sapanunggalanipun.

2. *Folklor adat istiadat* inggih menika folklor ingkang wujudipun campur antawisipun unsur lesan saha unsur boten lesan. Tuladhanipun kapitadosan *rakyat, adat istiadat, pesta, permainan rakyat*.

3. *Folklor material* inggih menika folklor ingkang sanes lesan, folklor menika wujudipun kados dene *seni kriya, arsitektur, busana, dhaharan*, lan sapanunggalanipun.

Endraswara (2010: 3) ngandharaken bilih folklor inggih menika wujud budaya ingkang dipunwarisaken turun-temurun kanthi cara lesan (*oral*). Folklor Jawa wonten saben dhaerah menika beda-beda, sedaya gadhah *varisasi* piyambak-piyambak, awit saking menika saben folklor gadhah titikan ingkang saged dipunmangertosi. Titikan folklor miturut Danandjaja (lumantar Endraswara, 2006: 59) inggih menika:

1. Dipunsebaraken kanthi cara lesan, tegesipun saged mawi gethok tular saking tiyang setunggal dhateng tiyang sanesipun, saha kanthi cara alamiah boten kepeksa.
2. *Nilai-nilai* tradhisi Jawi katingal sanget wonten salebeting folklor. Tradhisi dipuntitik kanthi wongsal-wangsul utawi ingkang sampun dados *kebiasaan*.
3. *Bervariasi* antawisipun satunggal wilayah kaliyan wilayah sanesipun, ananging hakikatipun sami. *Variasi* dipunsebabaken awit saking *keragaman* basa, wujud, saha kekajengan wilayahipun piyambak-piyambak.
4. Pangripta folklor boten dipunmangertosi sinten saha saking pundi asalipun. Ananging wonten folklor jawi ingkang sampun dipundamel buku, satemah kangge sinten ingkang kirang mangertos, saged gadhah pamanggih bilih ingkang ngempalaken menika pangripta.
5. Gadhah pathokan ingkang boten dipunewahi saha wonten ingkang dipunewahi gumantung kepentinganipun.
6. Gadhah paedah kangge panyengkuyung utawi *kolektiva* Jawi. Sakalit-alitipun folklor tetep gadhah mupangat kangge panyengkuyungipun. Panyengkuyung folklor Jawi saged namung mapinten-pinten tiyang minangka *anggota*

kolektif. Panyengkuyung ugi saged kirang saha nambah, mekaten ugi mupangatipun folklor saged ewah sesarengan kaliyan ewah gingsiring jaman.

7. Sipatipun *pralogis*, kadhang kala wonten prakawis ingkang boten nalar wonten salebeting folklor. Boten nalaring prakawis gumantung penggalhipun masarakat, awit saking menika ingkang ngrembaka wonten penggalhipun tiyang Jawi langkung kathah wonten *unsur* kapitadosan.
8. Dados gegadhahan sesarengan saha tanggel jawab sesarengan. Masarakat Jawi kanthi boten langsung sampun rumaos gadhah, satemah kersa nindakaken menapa kemawon supados folklor saged lestari saha ngrembaka.
9. Gadhah sipat *polos* saha *spontan*. Tegesipun, kadhang kala folklor Jawi asalipun namung saking tiyang ingkang dolanan basa saha wacana ingkang boten *sadar*.
10. Gadhah unsur *humor* saha *wejangan*.

Saking andharan ing nginggil, saged dipundudut bilih saparan ing Padhukuhan Sokomoyo gadhah gegayutan kaliyan titikan folklor antawisipun inggih menika anggenipun nyebaraken kanthi cara lesan, asipat tradhisional, gadhah mupangat kangge gesang salajengipun, saha dados gegadhahan saha tanggel jawab sesarengan. Anggenipun nindakaken Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo sampun wonten ewah-ewahan jumbuh kalihan owah gingsiring jaman, ananging dipunkajengaken bilih nilai-nilai tradhisi ingkang dipunpitados saged tetep dipunjagi.

C. Upacara Tradhisi

Miturut WJS Poerwadaminto tradhisi inggih menika sadaya bab ingkang jumbuh kaliyan gesang masarakat ingkang mesthi dipuntindakaken, kadosta adat, budaya, *kebiasaan*, ugi kapitadosan. Upacara-upacara tradhisi minangka wujud ndherek handarbeni kaliyan lingkunganipun, dhateng lingkungan masarakat manungsa utawi masarakat gaib ingkang gesang sesandhingan, supados saged laras saha *harmonis* anggenipun manembah dhumateng Gusti ingkang Maha Agung (Endraswara, 2017: 47).

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih wontenipun tradhisi kedah dipuntindakaken saha dipunlestantunaken, supados gesanging manungsa ing alam ndonya saged laras. Prakawis ingkang ndhasari wontenipun tradhisi inggih menika saking informasi ingkang dipunturunaken saking generasi satunggal dening generasi salajengipun mawi wujud lesan ugi seratan. Menawi tradhisi menika boten dipunturunaken dhateng generasi salajengipun, tradhisi menika saged ical.

Miturut Koentjaraningrat (1990:378) unsur-unsur kegiatan ingkang wonten ing salebeting upacara menika *bersaji, berkorban, berdoa, makan bersama makanan yang telah disucikan dengan doa, menari tarian suci, berpuasa, intoksikasi atau mengaburkan pikiran dengan obat bius untuk mencapai keadaan trance, mabuk, bertapa, dan bersemedi*.

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo mujudaken unsur-unsur kagiyatan nalika badhe nindakaken upacara tradhisi kadosta damel ubarampe, ndedonga, saha

dhahar sesarengan dhaharan ingkang sampun dipundonga-aken. Kejawi menika taksih wonten kagiyatan kirab lan pagelaran ringgit purwa. Wonten salebeting tradhisi, manungsa saged mujudaken donga kanthi bentuk lambang utawi *simbol*. Lambang saha *simbol* dipunjangkepi ngginakaken sarana ubarampe supados saged sampurna anggenipun ndedonga (Endraswara, 2017: 46).

Miturut Baoesastra Jawa Ubarampe tegesipun piranti. Piranti ingkang dipunginakaken kangge lampahing upacara tradhisi. Awit saking menika, piranti utawi ubarampe ingkang dipunsamektakaken wonten lampahing upacara tradhisi, mesthinipun gadhah maksud saha pangajab kangge gesang salajengipun. Maksud saha pangajab menika dipunwujudaken lumantar *simbol-simbol* utawi tandha.

Miturut Endraswara (2003:171) Tembung *symbol* asalipun saking basa Yunani *symbolos* tegesipun tandha utawi titikan ingkang ngandharaken satunggaling bab dhateng tiyang sanes. Poerwadarminta (lumantar Herusatoto, 2008:17) ngandharaken bilih simbol inggih menika satunggaling perkawis kados tandha, lukisan, tetembungan, lan sanesipun ingkang ngandharaken satunggaling babagan sarta gadhah teges tartamtu. Turner (lumantar Endraswara, 2003:172) ngandharaken bilih simbol-simbol menika *unit* ingkang langkung alit wonten ing salebeting ritual ingkang sipatipun kusus.

Simbol dipunginakaken masarakat kangge ngandharaken menapa ingkang dados pangajab wonten gesang salajengipun. Cara kangge dadosaken makna saking simbol saged dipuntingali saking wujudipun, namanipun, wernipun, saha gegayutanipun kaliyan adicara ingkang dipunlampahi.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunendhet dudutan menawi simbol ing salebeting pagesangan sabendinten menika gadhah teges ingkang saged paring paedah kangge gesang salajengipun. Tradhisi Saparan ugi boten saged uwal saking simbol-simbol gesanging manungsa ingkang dipunwujudaken lumantar ubarampe-ubarampe ingkang dipunginakaken. Sadaya *bentuk* ubarampe ingkang dipunginakaken gadhah makna *simbolik* saha ancas tartamtu, ingkang dipunpitados saged mupangat kangge gesang manungsa salajengipun.

Wujud ubarampe saking Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng papat, golong rolas, golong sejodho, bethak sepuh, jenang abang, jenang putih, jenang pliringan, jenang palang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.

Saparan menika asalipun saking tembung “sapar” minangka wulan kaping kalih wonten pananggalan Jawi. Dados Saparan namung dipuntindakaken satunggal taun sepisan ing wulan sapar. Saparan gadhah ancas kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah ingkang sampun maringi rejeki. Rejeki menika wujudipun kathah, kadosta kaslametan, kamulyan, kabargaswarasan, saha kaberkahan. Saparan ugi dipunitados kangge tolak bala.

Saparan menika adat istiadat ingkang dipuntindakaken satunggal taun sapisan wonten wulan sapar dening masarakat Padhukuhan Sokomoyo mawi upacara adat. Kejawi kangge mujudaken raos sukur, upacara Saparan ugi kangge *ritual* pakurmatan kangge para leluhur. Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo kawiwitan taun 1950, nalika para warga Padhukuhan Sokomoyo sami nandhang

sakit ingkang boten wonten tambanipun. Dados dipunadani slametan ageng ingkang dipunwastani saparan.

Papan ingkang dipunginakaken inggih menika Joglo Padma Saputro, sadaya masarakat satunggal padhukuhan sami nyengkuyung saha ndherekaken rantamaning adicara wonten papan menika. Piranti ingkang kedah dipunsamektakaken dening saben warga satunggal RT menika jolen saha ubarampe ingkang isinipun sami kaliyan jolen padhukuhan. Amargi wonten pungkasaning adicara, sabibaripun ndedonga sesarengan, sadaya ubarampe wonten salebeting jolen, dipunparit sesarengan.

D. Panaliten Ingkang Gayut

Panaliten ingkang gayut kaliyan panaliten *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo* inggih menika panaliten ingkang sampun dipuntindakaken dening sedherek Ana Muslimati Amalia taun 2014 kanthi irah-irahan “*Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul Arum ing Dhusun Tunggul Arum, Desa Wonokerto, Kecamatan Turi, Kabupaten Sleman*”. Panaliten menika kalampahan kanthi ancas ngandharaken bab mula bukanipun Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul Arum, prosesi lampahing Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul Arum, ubarampe saha makna simbolik ingkang dipunginakaken wonten salebeting Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul Arum, sarta paedahipun Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul tumrap masarakat Dhusun Tunggul Arum saha sakiwa tengenipun.

Gayutipun panaliten menika kaliyan panaliten Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo inggih menika satunggaling cara kangge atur syukur dhumateng Gusti Allah SWT ait sampun dipunparingi rejeki ingkang kathah. Panaliten saparan Padhukuhan Sokomoyo ugi sami naliti kangge ngandharaken bab mula bukanipun saparan, prosesi saparan, ubarampe saha makna simbolik ingkang dipunginakaken, saha paedah saparan ingkang saged dipunraosaken dening masarakat.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Wonten ing panaliten menika panaliti ngginakaken panaliten *deskriptif kualitatif*. Denzin saha Lincoln (lumantar Endraswara, 2006: 86) ngandharaken bilih panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang ngandharaken *fenomena* kabudayan miturut *empirik* ing lapangan. *Metode* panaliten *kualitatif* menika ngempalaken katrangan utawi *data* kanthi langsung wonten ing papan ingkang badhe diputaliti supados ngasilaken *data deskriptif*. Kanthi metode deskriptif kualitatif, panaliten menika dipunlampahi kanthi ngandharaken mula bukanipun, prosesi upacara Saparan, ubarampe saha makna simbolik, saha paedah kangge masarakat wonten ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.

B. Setting Panaliten

Setting panaliten saparan menika wonten dalemipun bapa Dhukuh Sokomoyo, makam, saha Joglo Padma Saputro Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo. Saparan dipuntindakaken saben tanggal 27 sapar, ing taun menika dipuntindakaken dinten Minggu legi surya kaping 13 Oktober 2019.

Lampahing adicara saparan menika dipunwiwiti dinten Jum'at 11 Oktober 2019 inggih menika cecawis papan. Lajeng nyadran saha cecawis ubarampe dipuntindakaken dinten Setu 12 Oktober 2019. Adicara dinten pungkasan 13

Oktober 2019 inggih menika kirab dahi hiburan. Kirab dipuntindakaken nalika enjing kanthi mlampah wiwit saking sangajengipun dalemipun bapak dhukuh dumugi Joglo Padma Saputro. Dipunlajengaken hiburan inggih menika pasugatan seni jathilan, hiburan ingkang ndalu inggih menika pagelaran ringgit purwa. Paraga ingkang ndherekaken upacara inggih menika sadaya warga Padhukuhan Sokomoyo.

C. Data lan Sumbering Data

Data ingkang dipunkempalaken inggih menika mula bukanipun saparan, prosesi saparan, ubarampe saha makna simbolik ing salebeting saparan, saha paedah kangge masarakat ing Padhukuhan Sokomoyo.

Wondene sumbering *data* ingkang dipunginakaken inggih menika *wawancara* dhateng sesepuh adhat inggih menika bapa Supangat, bapa dhukuh Padhukuhan Sokomoyo inggih menika bapa Tukimin, saha saperangan warga masarakat ingkang gadhah pangertosan ingkang dipunbetahaken dening panaliti ngengingi bab *Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo*.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Teknik ingkang dipunginakaken panaliti inggih menika *observasi*, *wawancara*, saha *dokumentasi*.

1. Observasi Partisipatif

Observasi Partisipasif inggih menika salah satunggaling metode ngempalaken data kanthi cara ndherek langsung ing papan panaliten kangge mangertosi menapa kemawon ingkang dipuntindakaken saha kangge mbuktekaken katrangan ingkang sampun saderengipun.

Wonten ing panaliten menika panaliti ndherek langsung ing prosesi upacara saparan, kanthi kabiyantu piranti-piranti panaliten kadosta kamera saha buku cathetan. Data ingkang dipunkasilaken, panaliti saged mangetosi kadospundi prosesi upacara lan ubarampe menapa kemawon ingkang dipunginakaken.

2. Wawancara Mendalam

Wawancara inggih menika pirembagan antawisipun kalih tiyang utawi langkung kangge manggihaken katrangan ingkang gayut kaliyan panaliten menika. *Wawancara* menika dipunginakaken kangge manggihaken katrangan bab mula bukanipun, prosesi, ubarampe saha makna simbolik, sarta paedah kangge masarakat ing Padhukuhan Sokomoyo.

Panaliti nglampahi *wawancara* menika kanthi cara nyathet manual lan ngginakaken piranti kangge ngrekam, supados pikantuk asil ingkang jumbuh lan jangkep. Asil cathetan samangkih inggih menika cathetan lapangan kangge mangertosi kadospundi mula bukanipun Saparan saha menapa kemawon paedah

saparan kangge masarakat Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.

3. *Dokumentasi*

Dokumentasi minangka salah satunggaling teknik kangge ngempalaken data ngginakaken bukti ingkang leres saking *sumber informasi*. *Dokumentasi* ingkang dipunginakaken dening panaliti inggih menika *foto-foto* uatawi gambar saking sadaya prosesi saha ubarampe ing salebeting Saparan.

E. **Pirantining Panaliten Partisipatif**

Wonten panaliten menika panaliti minangka *humant instrument*, amargi panaliti minangka *perencana, pelaksana*, ingkang ngempalaken data, nganalisis data, saha ingkang damel panaliten menika.

Panaliti ngginakaken pirantining panaliten kangge nyengkuyung panaliten ingkang dipunlampahi kadosta ing ngandhap menika.

1. *Kamera*, dipunginakaken kangge *dokumentasi* ingkang awujud *foto* sadaya prosesi, ubarampe, saha menapa kemawon ingkang dipunbetahaken dening panaliti.
2. Buku cathetan, dipunginakaken kangge nyerat seserepan utawi sadaya *informasi* ingkang dipunandharaken dening *informan*.
3. *Handphone*, dipunginakaken kangge piranti *wawancara*, supados saged dipunanalisis sasampunipun panaliten ing lapangan.

F. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data wonten panaliten menika ngginakaken *metode triangulasi*. *Triangulasi* inggih menika cara *pemeriksaan keabsahan data* ingkang ngginakaken *data* sanes ingkang kasebut kangge nandhingaken *data* ingkang sampun dipunpanggihaken dening panaliti. Endraswara (2006: 2019) ngandharaken bilih *triangulasi* inggih menika cara ngempalaken *data* saking narasumber ingkang beda, ananging taksih ngandharaken bab ingkang sami supados saged dipunginakaken kagem tandhingan *data* panaliten. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Triangulasi sumber inggih menika nandhingaken menapa kemawon ingkang dipunandharaken dening *informan* satunggal saha *informan* sanesipun ing salebeting *wawancara*, kejawi menika ugi saged dipunjumbuhaken kaliyan *teori* wonten ing buku.

Triangulasi metode inggih menika nggayutaken *data-data* ingkang kapendhet saking panaliten saha *wawancara* kaliyan asilipun *dokumen*. *Dokumen* ingkang dipunginakaken inggih menika cathetan lapangan *wawancara*, cathetan lapangan *observasi*, saha *dokumentasi* ingkang awujud *foto* saha *rekaman*.

G. Caranipun Nganalisis Data

Caranipun nganalisis *data* ing panaliten menika ngginakaken *metode analisis induktif*, ateges analisis *data* ingkang sampun dipunlampahi nalika wonten lapangan. Endraswara (2006:215) ngandharaken bilih *analisis data*

induktif gadhah ancas kangge nyethakaken *informasi* ingkang mlebet kanthi *proses unitisasi* saha *kategoriasi*.

Analaisis menika dipunwiwiti kanthi *menelaah data* ingkang jumbuh kalihan *fokus* panaliten ingkang dipunpanggihaken saking observasi, asiling wawancara, poto, cathetan lapanagan, lan sapanunggalanipun mawi *reduksi data*. Sasampunipun data menika dipunwaos, dipunsinau, saha dipuntelaah, salajengipun data dipunkategorisasikan miturut kelompokipun. Pungkasanipun, data ingkang sampun dipunkempalaken dipundudut saha dipunadharaken kanthi katrangan ingkang runtut, jangkep, saha cetha.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Setting Panaliten

1. Andharan Papan Tradhisi Saparan

Upacara tradhisi saparan menika dipunlampahi wonten Joglo Padma Saputro ingkang mapan wonten Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo. Padhukuhan Sokomoyo dipunpandhegani dening Bapak Tukimin minangka Dhukuh Padhukuhan Sokomoyo. Adhedhasar *data administratif*, gunggungipun warga ing Padhukuhan Sokomoyo wonten 924 jiwa, ingkang warga kakaung wonten 448 jiwa dene ingkang estri 476 jiwa, lajeng saking sadaya masarakat Padhukuhan Sokomoyo menika dipunperang dados 2 RW saha 13 RT inggih menika:

- a. RW 01 : RT 001 dumugi RT 006
- b. RW 02 : RT 007 dumugi RT 013



Gambar 1: Peta Padhukuhan Sokomoyo (dokumentasi Arum)

Padhukuhan Sokomoyo dipunwatesi tlatah kados ing ngandhap menika:

- a. Wates sisih ler inggih menika Padhukuhan Sibolong
- b. Wates sisih kidul inggih menika Padhukuhan Banyunganti
- c. Wates sisih wetan inggih menika Padhukuhan Beteng
- d. Wates sisih kilen inggih menika Kabupaten Purworejo



Gambar 2: Joglo Padma Saputro (dokumentasi Arum)


Joglo Padmo Saputro mapan wonten RT 009 RW 02 Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo. Saben taunipun saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipunwontenaken ing Joglo Padmo Saputro, amargi wiwit wontenipun tradhisi nalika tahun 1950 dipuntindakaken ing papan menika. Joglo Padmo Saputro boten namung dipunginakaken kangge prosesi upacara kemawon, ananging ugi kangge nindakaken pasugatan seni jathilan saha pagelaran ringgit purwa. Sadaya warga masarakat sami nyengkuyung rerangkening adicara saparan kanthi kempal wonten Joglo Padmo Saputro.

2. Paraga Tradhisi Saparan

Prosesi tradhisi saparan menika temtunipun mbetahaken paraga kangge nyengkuyung adicara supados saged kalampahan kanthi lancar saha sami kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken. Sadaya masarakat Padhukuhan Sokomoyo saged ndherek nyengkuyung adicara menika, boten nandhingaken yuswa, pakaryan, *pendidikan*, saha *agami*.

a. Paraga Kirab

Paraga kirab saking tradhisi saparan inggih menika masarakat Padhukuhan Sokomoyo wiwit saking lare, tiyang enem, saha tiyang sepuh. Paraga kirab baris miturut dhapukan utawi RT-nipun piyambak-piyambak kados ingkang sampun dipuntemtokaken panitia nalika rapat dinten Setu tanggal 5 Oktober 2019. Urut-urutanipun kados ing ngandhap menika.



g
h
i
j
k
l
m
n
o
p
q

Gambar 3: Urut-Urutan Paraga Kirab

Katrangan Gambar:

- Cucuk Lampah
- Jolen Padhukuhan (Tumpeng Agung)
- Santri 9

- d. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 001
- e. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 002
- f. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 003
- g. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 004
- h. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 005
- i. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 006
- j. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 007
- k. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 008
- l. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 009
- m. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 010
- n. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 011
- o. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 012
- p. Bregada Jolen saha Pangombyong RT 013
- q. Bregada Seni Jathilan

Urut-urutan kirab ingkang sampun dipuntemtokaken dening panitia menika, saben taun meh sami. Sadaya bregada RT nyamektakaken jolen ingkang dipunpikul dening sakawan tiyang, salebeting jolen menika isinipun ubarampe ingkang sami kaliyan jolen padhukuhan. Lajeng pangombyong RT wonten sawingkingipun Jolen sami ngasta asil bumi ingkang sampun saged dipunpanen, saged dipungendhong, dipunsunggi, dipuncangking, lan sapanunggalanipun. Menawi lare-lare wonten ingkang mbekta gendra saha wonten ingkang ndherek mlampah kemawon.

b. Agami

Agami utawi kapitadosan ing Padhukuhan Sokomoyo wonten kalih inggih menika Agami Islam saha Agami Budha, ananging saperangan ageng menika ngrasuk Agami Islam. Tata cara upacara tradhisi saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipuntindakaken kanthi cara Islam, ananging boten lajeng mbedakaken agami sanesipun, masarakat ingkang ngrasuk Agami Budha tetep sami nyengkuyung adicara menika.

B. Mula Buka Tradhisi Saparan

Upacara tradhisi saparan kawiwitan tahun 1950 dipunlampahi saben tanggal 27 sapar. Saparan dipunlampahi saben tanggal 27 sapar amargi kala rumiyin tanggal menika minangka asiling pirembagan para warga ingkang sampun dipunsarujuki sesarengan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 04*.

“Amarga biyen tanggal 27 kuwi hasil rembugan para warga sawise mbah Jogo Setiko oleh wangsit.” (CLW: 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 05*.

“Amargi kala rumiyin sabibaripun Mbah Jogo Setiko pikantuk pepadhang utawi wangsit, para warga sami pirembagan. Lajeng dipunsepakati tanggal 27 sapar.” (CLW: 05)

Saparan menika tradhisi kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun maringi rejeki. Rejeki menika wujudipun kathah, kadosta keslametan, kamulyan, kabagaswarasan, saha kaberkahan. Mula bukanipun tradhisi saparan kala rumiyin ing Padhukuhan Sokomoyo wonten

wabah penyakit ingkang boten wonten tambanipun. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 04*.

“Mbiyen kuwi dhek jamane Mbah Jogo Setiko Sokomoyo kene ana pageblug, paribasane isuk lara sore mati, sore lara isuk mati. Ngubur wong mati hurung bali, ngomah wis ana wong mati” (CLW: 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*.

“Biyen Padhukuhan Sokomoyo kene ana wabah pageblug, lha biyen Mbah Jaga Setika minangka Lurah nanga kene semedi, ndedonga ing senthong ngomahe. Anggone semedi ngasilke wangsit, jarene Sokomoyo kene kudu nganakake slametan. Lha rak le semedi kuwi pas sasi sura, banjur diumumake marang warga masarakat, disepakati wulan sapar nganakake slametan kuwi. Bar slametan kuwi, pageblug sing ana ing Padhukuhan Sokomoyo ilang.” (CLW: 01)

Adhedhasar pratelan saking *informan 04* saha *01* menika kala rumiyin ing Padhukuhan Sokomoyo kathah warga masarakat seda amargi sakit, paribasanipun sakit enjing sontenipun seda, sakit sonten enjangipun seda, lajeng kahanan menika dipunarani pageblug. Kangge ngadhepi kahanan ingkang sansaya damel masarakat bingung saha kuwatos, Simbah Jogo Setika minangka Lurah ing Padhukuhan Sokomoyo semedi wonten senthong dalemipun, Simbah Jogo Setika gadhah kekajengan pikantuk wangsit saking Gusti Allah SWT. Semedi menika dipuntindakaken nalika wulan sura. Sawetawis Simbah Jogo Setika anggenipun semedi, piyambakipun pikantuk wangsit nalika wulan sapar bilih Padhukuhan Sokomoyo kedah ngadani slametan agung.

Awit saking wangsit ingkang sampun dipunparingaken dhateng Mbah Jogo, piyambakipun wara-wara dhateng sadaya warga masarakat supados nyamektakaken kabetahan-kabetahan uatwi ubarampe ingkang dipunginakaken kangge slametan agung. Slametan agung menika dipunparingi nami Saparan,

ing kang dipuntindakaken tanggal 27 sapan ing dalemipun Simbah Jogo Setika inggih menika wonten Joglo Padma Seputro. Wonten tahun 2019, sapan dipuntindakaken dinten Minggu Legi surya kaping 13 Oktober 2019.

Sasampunipun adicara sapan ing kang dipunrantam kalampahan, pageblug menika saged ical saking Padhukuhan Sokomoyo, warga masarakat boten wonten ing kang nandhang sakit menika malih. Pramila wiwit tahun 1950 dumugi samenika Upacara Tradhisi Sapan taksih kalampahan, senjata sampun kathah ewah-ewahan ing kang dipuntindakaken amargi owah gingsiring jaman. Ewah-ewahan menika wonten rerangkening adicara saha hiburan.

Rerangkening adicara sapan dipuntambahi adicara kirab, lajeng kangge hiburan, ing kang kala rumiyin dipunwontenaken pasugatan beksan tledhek, dipunewahi dados pasugatan seni jathilan. Beksan tledhek dipunewahi amargi ing wilayah Padhukuhan Sokomoyo sampun boten wonten malih ing kang nglestantunaken beksan menika. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 02*.

“Mbiyen ke critane kawit jamane Mbah Jogo Setika ana pageblug, awan slametan, mbengine nanggap tledhekan njuk wayangan, ning nek saiki karang wis raono tledhek njuk jathilan karo wayangan kuwi. Tujuane jathilan karo wayangan kuwi ya ming hiburan, sing baku awane wis dha gendhuren njaluk karo sing kuwasa ben dha diparingi rejeki sing manfaati. Sing diowahi ya kuwi biyen ana tledhek saiki ora, biyen raono kirab saiki ana” (CLW: 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih ewah-ewahan adicara sapan saha hiburan menika amargi undhaking jaman. Ing kang paling penting menika tetep wonten slametan kangge atur syukur dhumateng Gusti Allah SWT. Wontenipun ewah-ewahan menika dipunkajengaken bilih *nilai-nilai* tradhisi

saparan ing Padhukuhan Sokomoyo ingkang sampun dipunpitados warga masarakat saged tetep dipunjagi, saha budaya ingkang samenika taksih ngrembaka saged dipunuri-uri supados saged lestantun.

C. Prosesi Upacara Tradhisi Saparan

1. Cecawis

Saderengipun upacara tradhisi saparan dipuntindakaken, para warga masarakat nyamektakaken cecawis-cecawis ingkang dipunbetahaken. Cecawis-cecawis ingkang dipunsamektakaken kados ing ngandhap menika.

a. Rapat Panitia Saparan

Rapat panitia saparan dipunwontenaken nalika dinten Setu tanggal 5 Oktober 2019, wanci tabuh 19.00 WIB ing dalemipun Bapak Tukimin minangka Kepala Dhukuh Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo. Wonten salebeting rapat menika langkung rumiyin dipunrembag susunan panitia ingkang saged dipunpirsani kados ing ngandhap menika.

Susunan Panitia Saparan Tahun 2019

Pelindung	: Tukimin (Dhukuh Sokomoyo)
Ketua	: Supangat
Sekretaris	: Dewi Arita Anandayu
Bendahara	: Sakimin
Seksi Acara	: Suwandi
Seksi Upacara	: Edi Suparno

Seksi Perlengkapan	: Sarijan
Seksi Konsumsi	: Sutriyanti
Seksi Keamanan	: Suyadi
Seksi Hiburan	: Maryono
Seksi Humas	: Karsino
Seksi Dokumentasi	: Nur Jati

Sasampunipun susunan panitia dipunsarujuki, para warga masarakat ngrembag kadospundi adicara saparan badhe dipuntindakaken. Rapat menika dipunawuhi Kepala Dhukuh, Ketua RT, Ketua RW, Perwakilan Ibu-ibu PKK, Perwakilan Karang Taruna, saha tokoh agami. Rerangkening adicara ingkang dipunrantam dening panitia inggih menika cecawis papan, nyadran, cecawis ubarampe, kirab, upacara, hiburan, tirakatan saha pagelaran ringgit purwa. Salajengipun sadaya adicara menika dipunbiwarakaken dhateng warga satunggal padhukuhan, supados sami mangertos wekdal saha papanipun.

b. Cecawis Papan Tradhisi Saparan

Cecawis papan tradhisi saparan dipunwontenaken dinten Jum'at tanggal 11 Oktober 2019 ing Joglo Padma Saputro. Kagiyatan menika katindakaken kanthi reresik papan ingkang badhe dipunginakaken. Papan-papan ingkang dipunbetahaken ugi dipunsamektakaken kadosta papan kangge upacara tradhisi, pasugatan seni jathilan, saha pagelaran ringgit purwa.

Kejawi cecawis papan ing Joglo Padma Saputro ugi nyamektakaken rute kangge kirab. Kirab menika adicara saderengipun upacara, rute kangge kirab saben taunipun boten mesthi sami, amargi kirab menika tambahan

rerangkening adicara dados boten wonten pathokanipun. Sasampunipun nyamektakaken papan, para warga nyamektakaken piranti-piranti ingkang badhe dipunginakaken kadosta *sound system*, gamelan, ringgit, lan sapanunggalanipun.

c. Cecawis Ubarampe

Cecawis ubarampe adicara saparan dipunwontenaken dinten Setu tanggal 12 Oktober 2019 ing dalemipun Bapak Dhukuh Sokomoyo saha dalemipun ketua RT-nipun piyambak-piyambak, amargi sedaya bregada RT kedah mbekta jolen piyambak-piyambak ingkang dipunarak warga satunggal RT. Ubarampe ingkang dipunsamektakaken inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng papat, golong rolas, golong sejodho, bethak sepuh, jenang abang, jenang putih, jenang palang, jenang pliringan, jenang wangi, rujak degan, arang-arang kambang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.

Sadaya ubarampe menika dipuntata ing salebeting jolen, lajeng jolen dipunhias. Kejawi ubarampe ingkang dipuntata wonten salebeting jolen, para pangombyong ugi nyamektakaken kasil tetanen ingkang sampun dipunpanen, kados sayuran, pala kependhem, saha pala gumantung. Sadaya menika dipunasta nalika kirab saparan.

2. Nyadran

Nyadran minangka salah satunggaling rerangkening adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo ingkang saben taun dipuntindakaken. Nyadran dipuntindakaken satunggal dinten saderengipun adicara kirab, wonten warsa

menika katindakaken dinten Setu tanggal 12 Oktober 2019 enjing. Kagiyanipun reresik makam leluhur ingkang dipunlajengaken tahlil saha ndedonga. Makam Padhukuhan Sokomoyo wonten kalih inggih menika Makam Kali Gayam saha Makam Tengisan.

Wonten adicara nyadaran menika, boten mbedakaken antawisipun warga agami Islam utawi Budha. Sadaya warga masarakat tindak makam, sami ndedonga miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak kangge para leluhuripun ingkang sampun sumare. Adicara menika dipuntindakaken piyambak-piyambak, namung wekdalipun ingkang sesarengan.

3. Prosesi Kirab Saparan

Upacara tradhisi saparan Padhukuhan Sokomoyo kalaksanan dinten Minggu tanggal 13 Oktober 2019. Sadaya warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo wiwit saking lare, tiyang enem, saha tiyang sepuh kempal wonten dalemipun Bapak Dhukuh Sokomoyo. Kirab menika dipunwiwiti mlampah saking dalemipun Bapak Dhukuh Sokomoyo tumuju Joglo Padma Saputro. Sadaya paraga kirab baris miturut urutan ingkang sampun dipuntemtokaken dening panitia.

Adicara prosesi kirab saha upacara saparan sampun dipunrantam dening panitia nalika rapat panitia. Kasil rapat ugi sampun dipunbiwarakaken dhateng warga masarakat ingkang sami nyengkuyung adicara saparan, adicaranipun kados ing ngandhap menika.

- a. Pambuka
- b. Kirab
- c. Sambutan

- d. Ikrar Slametan (Ndedonga Sesarengan)
- e. Pagas Tumpeng
- f. Dhahar Sesarengan
- g. Hiburan Pasugatan Jathilan

Adicara dipunwiwiti pambuka kanthi ndedonga sesarengan supados adicara ingkang badhe kalampahan saged lancar dumugi pungkasan boten wonten alangan satunggal punapa. Sasampunipun ndedonga sesarengan, pandhega kirab caos palapuran dhateng sesepuh adhat, menawi kirab sampun siyaga.

Salajengipun sesepuh adhat nampi saha paring dhawuh dhateng pandhega kirab supados ngleksanakaken kirab menika, lajeng kirab tradhisi saparan saged bidhal tumuju Joglo Padma Saputro. Kirab kalampahan kanthi urutan ingkang sampun dipuntemtokaken panitia kados ing ngandhap menika.

a. Cucuk Lampah

Cucuk lampah wonten kirab saparan Padhukuhan Sokomoyo gunggungipun wonten tiga, inggih menika Kepala Dhukuh Sokomoyo, Ketua RW 01, saha Ketua RW 02. Cucuk lampah mlampah wonten ngajeng piyambak, tugasipun kangge nedahaken rute utawi margi ingkang badhe kalangkungan.

Rute utawi margi ingkang kalangkungan saben taunipun beda, ananging tetep dipunwiwiti saking dalemipun bapak dhukuh tumuju Joglo Padma Saputro. Amargi kirab menika rerangkening adicara ingkang enggal, dados boten wonten pathokanipun. Ingkang mesthi, margi ingkang

kalangkungan taksih salebetipun wilayah Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan
Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.



Cucuk Lampah

Gambar 4: Cucuk Lampah (dokumentasi Arum)

Wonten taun menika rute kirab saparan beda kaliyan taun kepengker,
margi ingkang kalangkungan inggih menika dipunwiwiti saking dalemipun
Bapak Dhukuh Sokomoyo RT 11 – RT 08 – RT 05 – RT 04 – RT 06 – Joglo
Padma Saputro RT 09. Sadaya warga Padhukuhan Sokomoyo ndherek
nyengkuyung mlampah sesarengan kanthi guyub lan rukun.

b. Jolen Padhukuhan (Tumpeng Agung)

Jolen Padhukuhan inggih menika jolen ingkang ngajeng piyambak,
isinipun sadaya ubarampe ingkang sampun dipunsamektakaken saderengipun
kirab, inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung pitik, ambeng
papat, golong rolas, golong sejdho, bethak sepuh, jenang abang, jenang
putih, jenang palang, jenang pliringan, jenang wangi, rujak degan, arang-
arang kambang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.



Gambar 5: Jolen Padhukuhan (dokumentasi Arum)

Jolen Padhukuhan dipunpikul dening sakawan tiyang ingkang sampun dipundhapuk dening panitia. Estunipun jolen padhukuhan menika sami kaliyan jolen RT, namung ubarampe ingkang cumawis kadamel langkung ageng. Jolen menika baris wonten urutan nomer kalih sasampunipun cucuk lampah saha sangajengipun santri 9. Nalika sampun dumugi joglo, jolen padhukuhan dipunparingaken tengah, amargi sabibaripun adicara ndedonga sesarengan, wonten prosesi pagas tumpeng. Tumpeng ingkang dipunpagas inggih menika tumpeng rosul salebeting jolen padhukuhan.

c. Santri 9

Santri 9 menika baris wonten sawingkingipun jolen padhukuhan saha sangajengipun bregada jolen RT. Santri 9 gunggungipun ugi wonten songo, maksud saking santri 9 kangge nggambaraken Wali 9, ing antawisipun Sunan Bonang, Sunan Kudus, Sunan Ampel, Sunan Giri, Sunan Muriya, Sunan Gunung Jati, Sunan Drajat, Sunan Gresik, saha Sunan Kalijaga. Para wali menika ingkang dipunpitados warga masarakat kala rumiyin nilaraken

piwulang-piwulang ngengingi adat budaya wonten tlatah Jawi, mliginipun bab upacara tradhisi. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Kuwi nggambarake biyen, kaitane karo jaman wali. Mergane kedadean slametan kuwi, seka wali 9. Biyen jaman wali slametan ki urung dibabarke kaya saiki, ning rak saiki diwerdeni, ben dha ngerti karepe.” (CLW: 02)

Padhukuhan Sokomoyo ngginakaken gambaran para wali amargi saperangan rerangkening adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo nedahaken wulanganipun para wali. Wonten salebeting rerangkening adicara upacara, para santri menika ingkang mimpin donga.



Gambar 6: Santri 9 (dokumentasi Arum)

d. Bregada Jolen saha Pangombyong RT



Gambar 7: Bregada Jolen RT 004 (dokumentasi Arum)

Bregada Jolen saha Pangombyong RT inggih menika masarakat Padhukuhan Sokomoyo ingkang sampun kaperang dados 13 RT miturut cathetan *administratif*. Sadaya warga mlampah urut wiwit RT 001 dumugi RT 013 kanthi mbekta jolenipun piyambak-piyambak ingkang sampun dipunhias saha sampun dipunisi ubarampe. Ubarampe wonten salebeting jolen sami kaliyan jolen padhukuhan inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng papat, golong rolas, golong sejodho, liwet sekul utawi bethak sepuh, jenang abang, jenang putih, jenang palang, jenang pliringan, jenang wangi, rujak degan, arang-arang kambang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.

Pangombyong RT baris wonten sawingkingipun jolen RT-nipun piyambak-piyambak kanthi ngasta kasil tetanen ingkang sampun dipunpanen, kadosta sayur, woh-wohan, saha palawija. Wonten ingkang dipunpikul, dipunsunggi, saha wonten ingkang dipungendhong. Boten sadaya warga saged ngasta kasil tetanen, wonten ingkang bekta piranti-piranti pakaryan ingkang dipunginakaken sabendintenipun.



Gambar 8: Pangombyong RT 005 (dokumentasi Arum)

Sadaya kasil tetanen ingkang dipunasta dening para pangombyong, wonten pungkasaning upacara dipunparit sareng kaliyan sadaya ubarampe ing salebeting jolen. Ingkang arupi dhaharan sami dipundhahar sesarengan, lajeng ingkang arupi wulu wetu kangge lelintunan antawisipun warga satunggal kaliyan warga satunggalipun.

e. Bregada Seni Jathilan

Bregada seni jathilan minangka barisan wingking piyambak. Seni jathilan minangka salah satunggaling kabudayan ingkang taksih ngrembaka ing Padhukuhan Sokomoyo. Seni jathilan menika wonten pungkasaning kirab kangge hiburan warga masarakat ingkang sampun nyengkuyung adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo. Kajawi warga Padhukuhan Sokomoyo, kathah ugi warga saking padhukuhan sanes ingkang ndherek mirsani pasugatan seni jathilan menika.



Gambar 9: Bregada Seni Jathilan (dokumentasi Arum)

Sasampunipun sadaya pasarta kirab dumugi ing plataran Joglo Padma Saputro, Jolen dipuntata miturut urutan ingkang sampun dipuntemtokaken

panitia, lajeng para pangombyong jumeneng wonten wingkingipun. Para santri 9 lenggah wonten tengahing pendhapa, wonten sawingkingipun jolen padhukuhan. Adicara dipunlajengaken sambutan saking sesepuh adhat. Sesepuh adhat menika pasrah sadaya slametan dhateng para santri supados dipundongakaken.

Donga menika dipunkonjukaken minangka wujud raos sokur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun maringi rejeki. Rejeki menika wujudipun kathah, kadosta keslametan, kamulyan, kabargaswarasan, saha kaberkahan. Salajengipun slametan agung jolen padhukuhan dipunpagas tumpeng rosulipun dening sesepuh adhat lan dipuncaosaken dhateng Kepala Dhukuh Sokomoyo.



Gambar 10: Paritan Jolen (dokumentasi Arum)

Kanthi raos sokur sadaya jolen padhukuhan saha jolen RT dipunparit dening warga masarakat ingkang nyengkuyung adicara menika. Kajawi menika ugi para warga sami lelintunan kasil tetanen ingkang dipunasta. Ingkang arupi dhaharan sami dipundhahar sesarengan, lajeng ingkang arupi

wulu wetu kangge lelintunan antawisipun warga satunggal kaliyan warga satunggalipun. Sadaya kala wau dipuntindakaken kanthi raos ikhlas, guyub, rukun, saha kanthi swasana gumyak.

4. Pasugatan Seni Jathilan

Pasugatan Seni Jathilan dipunwontenaken sasampunipun prosesi kirab, minangka adicara hiburan kangge masarakat Padhukuhan Sokomoyo ingkang sampun nyengkuyung adicara Saparan. Jathilan minangka salah satunggaling tari budaya ingkang taksih ngrembaka ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.



Gambar 11: Pasugatan Seni Jathilan (dokumentasi Arum)

Pasugatan seni jathilan minangka salah satunggaling rerangkening adicara Saparan ingkang mesthi wonten saben taunipun. Beksanipun inggih menika beksan klasik kanthi irah-irahan babad jenggala. Ingkang mbeksa jathilan menika wonten kakung saha wonten putri. Ancas saking pasugatan menika sadaya masarakat supados mangertos bilih budaya kados menika kedah dipunlestantunaken.

5. Tirakatan saha Pagelaran Ringgit Purwa

Tirakatan saha pagelaran ringgit purwa dipunwontenaken dinten Minggu tanggal 13 Oktober 2019 dalu. Saderengipun pagelaran ringgit purwa kawiwitan, wonten sambutan saking panitia saha saking kepala dhukuh Padhukuhan Sokomoyo. Pagelaran ringgit purwa minangka hiburan kangge masarakat satunggal padhukuhan ingkang sampun nyengkuyung adicara saparan. Ancasipun kangge mahargya anggenipun nindakaken tradhisi saparan.



Gambar 12: Pagelaran Ringgit Purwa (dokumentasi Arum)

Sadaya warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo kempal malih wonten Joglo Padma Saputro kangge mirsani pagelaran ringgit purwa kanthi lampahan Tumuruning Wahyu Senopati dening Ki Suroso Plentheth, dhalang lokal saking Padhukuhan Sokomoyo. Wiyaga saha sindhen ingkang nyengkuyung ugi saking Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.

Cariyos Tumuruning Wahyu Senopati menika ancasipun kangge nggambaraken kekajengan saha pangajab para warga Padhukuhan Sokomoyo ingkang nenuwun pikantuk kabegjan wonten gesang salajengipun. Kabegjan ingkang dipunmaksud kadosta dipunparingi kawilujengan, keslametan, kabagaswarasan, lan sanes-sanesipun.

D. Makna Simbolik Ubarampe


Sadaya ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting upacara tradhisi saparan menika gadhah makna utawi teges ingkang saged dipunpundhut seserepanipun saha pangajab-pangajab ingkang dipunkajengaken warga masarakat. Maksud saha pangajab menika dipunwujudaken lumantar *simbol-simbol* utawi tandha. Simbol ing salebeting pagesangan sabendinten menika gadhah teges ingkang dipunpitados saged paring mupangat kangge gesang manungsa salajengipun.

Tradhisi Saparan ugi boten saged uwal saking simbol-simbol gesanging manungsa ingkang dipunwujudaken lumantar ubarampe-ubarampe ingkang dipunginakaken. Pramila prelu dipunkaji kadospundi makan saben ubarampe ingkang dipuncawisaken, wiwit tumpeng fajar, tumpeng rosul, golong sejodho, golong 12, ambeng 4, ingkung pitik, liwet sekul utawi bethak sepuh, jenang abang, jenang putih, jenang palang, jenang pliringan, jenang wangi, rujak degan, arang-arang kambang, larakan, lawuhan, dumugi ingkang pungkasan inggih menika kembang kinang. Makna saben ubarampe dipunwujudaken mawi pralambang tartamtu, saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Tumpeng Fajar Golong Sejdho

Tumpeng Fajar inggih menika tumpeng ingkang wujudipun madhep minggah kados gunung saha nginggilipun lancip. Miturut masarakat wujud menika nedahaken bilih tiyang gesang wonten alam ndonya kedah manembah dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun damel gesang. Manawi wujud tumpeng fajar makananipun kangge ngabekteni cikal bakal manungsa ing alam ndonya inggih menika Nabi Adam saha Siti Hawa. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Nek tumpeng fajar kuwi cara-cara kanggo ngabekti bapa adam ibu hawa, cikal bakale mbiyen.” (CLW: 02)



Gambar 13: Tumpeng Fajar Golong Sejdho (dokumentasi Arum)

Dados saged dipunmagertosi bilih gesanging manungsa ing alam ndonya dipunwiwiti wontenipun gesanging Nabi Adam saha Siti Hawa. Awit saking menika warga Padhukuhan Sokomoyo mujudaken tumpeng fajar kangge simbol sarana anggenipun ngabekti dhateng Nabi Adam saha Siti Hawa.

Ubarampe salajengipun inggih menika golong sejdho ingkang wujudipun sekul pethak dipunkepel-kepel. Golong sejdho menika

gunggungipun kalih, maksutipun kangge nedahaken bilih manungsa kaperang dados kalih inggih menika kakung saha putri. Lajeng makna saking golong sejodho inggih menika kagem ngabekteni para leluhur ingkang sampun sumare, supados Gusti Allah SWT paring pangapunten awit sedaya kalepatanipun. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Golong sejodho kuwi sing dibekteni para leluhur nek ana lupute muga-muga dingapurani sing kuwasa, loro kuwi lanang wedok.” (CLW: 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih golong sejodho mujudaken bilih warga Padhukuhan Sokomoyo sami ngabekti dhateng para leluhur ingkang sampun sumare saha Gusti Allah SWT saged paring pangapunten awit sedaya kalepatanipun nalika gesang ing alam donya. Sejodho tegesipun kalih, kakung saha putri.


2. Tumpeng Rasul Golong 12

Tumpeng rasul inggih menika tumpeng ingkang dipundamel saking sekul pethak, wujudipun kados gunung, madhep minggah, nginggilipun lancip, saha raosipun gurih. Raos gurih menika awit saking sekul pethak dipunparingi bumbu salam, uyah, saha klapa. Makna saking wujud tumpeng menika sami, inggih menika nedahaken bilih tiyang gesang kedah manambah dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun damel gesanging manungsa. Makna saking tumpeng rosul nedahaken bilih tiyang gesang supados ngabekteni Nabi Muhammad SAW, para sahabat, saha kaluwarganipun. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

Njuk nek tumpeng rasul kuwi sekul wuduk ulam lembaran, sing dingabekteni nabi rasul Kanjeng Nabi Muhammad SAW.” (CLW. 02)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung kalihan pratelan *informan 03*.

“Tumpeng rasul ingkang dipunkormati Nabi Muhammad, sohabat, umatipun, lan sak turun maturunipun.” (CLW.03)



Gambar 14: Tumpeng Rasul Golong 12 (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih tiyang gesang kedah ngabekti dhateng Nabi Muhammad SAW, sohabat, kluwarga, saha umatipun ngantos sak turun maturunipun, kados ingkang sampun dipungambaraken mawi tumpeng rasul. Kanthi cara menika, warga Padhukuhan Sokomoyo gadhah pangajab pikantuk sapangat benjang wonten alam akerat.

Ubarampe salajengipun inggih menika Golong 12, golong menika wujudipun bunder-bunder ingkang gunggungipun wonten rolas. Makna saking golong 12 nedahaken dina 7 (Senen, Selasa, Rebo, Kemis, Jemuwah, Setu, Minggu) saha pasaran 5 (Pon, Wage, Kliwon, Legi, Pahing). Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Anane golong 12 kuwi ya seka dina 7 pasaran 5, dinane seka senin tekan setu, pasaran 5 kuwi paing, pon, wage, kliwon, legi.” (CLW: 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih golong 12 ingkang gunggungipun kalih welas, dipunginakaken dening warga Padhukuhan Sokomoyo kangge *simbol* nedahaken gunggungipun dinten ing pananggalan Masehi saha pananggalan Jawi. Dinten wonten pananggalan Masehi gunggungipun pitu inggih menika Senen, Selasa, Rebo, Kemis, Jemuwah, Setu, saha Minggu. Lajeng dinten wonten pananggalan Jawi gunggungipun gangsal inggih menika Pon, Wage, Kliwon, Legi, saha Pahing. Sadaya menika dipunemut-emut kanthi dipunwujudaken mawi golong 12. Dinten 7 pasaran 5 menika dipunemut-emut amargi tiyang Jawi pitados bilih sadaya kajat utawi menapa kemawon kedah dipunpetang, dipunpatung ngginakaken dinten kala wau. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Merga wong Jawa kuwi percaya yen arep duwe gawe utawa khajat mesthi dipetung nganggo dina 7 pasaran 5.” (CLW: 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih tiyang Jawi mliginipun warga Padhukuhan Sokomoyo taksih pitados bilih sadaya hajat utawi menawi badhe gadhah padamelan menapa kemawon kedah dipunpetang ngginakaken dinten pitu pasaran gangsal. Kanthi menika, para warga Padhukuhan Sokomoyo nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT supados dipuntebihaken saking pancabaya ingkang badhe dhateng anggenipun nglampahi sadaya jejibahan.

3. Ambeng 4

Ambeng 4 minangka salah satunggaling ubarampe saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, kadamel saking sekul pethak ingkang wujudipun bunder radi lepek gunggungipun sakawan. Ambeng 4 nedahaken bilih kiblat menika

wonten sakawan, kiblat ingkang dipunmaksud inggih menika lor, kidul, wetan, saha kulon. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Ambeng 4 kuwi kiblat papat, lima pancer. Maksute lor, kidul kulon, wetan. Maksude ngono kuwi.” (CLW: 02)



Gambar 15: Ambeng 4 (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih ubarampe ambeng 4 dipuntegesi kiblat papat lima pancer. Makna ambeng 4 dipunginakaken warga Padhukuhan Sokomoyo kangge *simbol* nedahakaen bilih arah kiblat menika wonten sakawan, inggih menika lor, kidul, kulon, saha wetan. Lajeng maksud saking lima pancer mujudaken tiyang gesang ingkang tansah manambah dhumateng Gusti Allah SWT. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Ambeng 4 rak kanggo nggambarke arah kiblat lor, wetan, kulon, kidul. Kuwi kanggo nenuwun supaya pancer utawa sapa wae sing duwe khajat didohke seka pancabaya. Pancabaya seka lor ben bali ngalor, seka wetan ben bali ngetan, seka kulon ben bali ngulon, sing seka kidul ya ben bali ngidul.” (CLW: 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih ambeng 4 mujudaken kiblat papat lima pancer ingkang gadhah maksud inggih menika para

warga Padhukuhan Sokomoyo nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT supados dipuntebihaken saking pancabaya ingkang badhe dhateng saking lor, kidul, wetan, saha kulon.

4. Ingkung Pitik

Ingkung pitik dipundamel saking ayam ingkang dipuntaleni tali pring lajeng dipungodhog saha dipunparingi bumbu kuning. Ingkung tegesipun sing dikungkung, ingkang dipunkungkung inggih menika hawa napsu manungsa. Awit saking menika makna saking ingkung pitik inggih menika tiyang gesang kedah manambah dhumateng Gusti Allah SWT supados dipuntebihaken saking napsu ingkang ala. Miturut Endraswara (2014: 254) ingkung mujudaken pangajeng-ajeng manunggal menika dipunlampahi kanthi manekung. Twikromo (2013: 114) ngandharaken bilih ingkung pitik minangka pralambang manungsa nalika taksih bayi, lare ingkang nembe dipunlairaken menika taksih suci, ancas saking ingkung menika kangge nyucikaken warga awit sadaya kalepatanipun. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Werdine ingkung kuwi kudune cen ditaleni, intine kon manambah karo sing nitahke urip sing kuwasa, kon ngabekti sujud karo sing kuwasa. Kejaba kuwi uga pasrah njaluk pangapura.” (CLW: 02)



Gambar 16: Ingkung Pitik (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih makna saking ingkung inggih menika tiyang gesang kedah ngibadah, manambah dhumateng Gusti Allah SWT saha pasrah nyuwun pangapunten awit sadaya kalepatanipun. Amargi wontenipun tiyang gesang ing alam donya menika wonten ingkang damel gesang. Gesanging manungsa mesthinipun kathah godha hawa nepsu, kanthi manambah dhumateng Gusti Allah SWT, warga Padhukuhan Sokomoyo gadhah pangajab supados dipuntebihaken saking nepsu ingkang ala.

5. Sega Liwet (Bethak Sepuh)

Sega liwet utawi bethak sepuh inggih menika sekul liwet ingkang nginggilipun dipuntambahi tum-tuman pelas. Pelas dipundamel saking krambil kanthi bumbu brambang, bawang, saha uyah. Pelas menika lajeng dipuntum ngginakaken godhong pisang. Makna saking bethak sepuh kangge ngabekteni dening ingkang njagi badanipun manungsa. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Bethak Sepuh kuwi cara-cara among-among, nek mbiyen le ngarani muni liwet sekendhil, ning nek saiki bethak sepuh kuwi. Kanggo nyaosi kurmat Nyai Among Kyai Among, sing momong badane menungsa”. (CLW: 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kalihan pratelanipun *informan 03*.

“Ya nek arep gawe among-among sing dikurmati Kyai Among Nyai Among sing momong jiwa ragane si A, kuwi diwujudake nganggo bethak sepuh”. (CLW: 03)



Gambar 17: Segha Liwet (Bethak Sepuh) (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih sega liwet utawi bethak sepuh dipundamel kangge *simbol* utawi tandha anggenipun tiyang gesang ngurmati ingkang njagi badanipun manungsa. Bethak sepuh menika salah satunggaling ubarampe saparan ing Padhukuhan Sokomoyo ingkang kedah wonten. Supados para warga masarakat emut menawi gesang wonten ing alam ndonya wiwit lair dumugi tilar donya menika wonten ingkang njagi.

6. Jenang Abang saha Jenang Putih



Gambar 18: Jenang Abang (dokumentasi Arum)

Jenang abang wujudipun sekul ingkang dipuncampur kaliyan gendhis jawi saha dipunselehaken wonten ciri. Makna saking jenang abang inggih menika tiyang gesang ingkang lair ing alam ndonya mesthinipun gadhah ibu ingkang kedah dipunkormati saha dipunregani. Menawi jenang putih wujudipun sekul pethak ingkang dipunparingaken wonten ciri, makna saking jenang putih inggih menika tiyang gesang ingkang lair wonten ing alam ndonya mesthinipun gadhah bapa ingkang kedah dipunkormati saha dipunregani. Endraswara (2014: 255) ngandharaken bilih jenang abang saha jenang putih minangka *simbol* kadadosan manungsa. Jenang abang minangka *simbol* ibu (biyung) saha jenang putih minangka *simbol* bapak. Andharan ing nginggil jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Jenang abang putih kuwi kedadean seka bapak karo simbok. Sing abang kuwi simbok, sing putih kuwi bapak.” (CLW: 02)



Gambar 19: Jenang Putih (dokumentasi Arum)

Dados saged dipundudut bilih makna saking jenang abang inggih menika tiyang gesang kedah ngabekti dhateng ibunipun, menawi jenang putih nedahaken bilih tiyang gesang kedah ngabekti dhateng bapakipun. Gesanging manungsa

menika titah saking Gusti Allah SWT ingkang dipunlangkungaken Bapak saha Ibu. Dados jenang abang saha putih kangge nedahaken bilih sadaya tiyang gesang kedah ngabekti marang tiyang sepuhipun.

7. Jenang Pliringan

Jenang pliringan inggih menika salah satunggaling ubarampe saparan ing Padhukuhan Sokomoyo. Wujud saking jenang pliringan inggih menika sekul ingkang sampun dipuncampur gendhis jawi saha sekul pethak dipunselehaken wonten satrunggal ciri, kanthi dipunpalih. Makna saking jenang pliringan inggih menika tiyang gesang sami nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT supados sadaya pancabaya ingkang badhe dhateng saged sisihan. Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 02*.

“Jenang Pliringan kuwi mulakno diarani pliringan, ben sisihan utawa sliring-sliringan karo sambekala, sing ngalor ya ben ngalor, sing ngidul ya ben ngidul, karepe ngono kuwi.” (CLW: 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kalihan pratelanipun *informan 03*.

“Jenang pliringan niku sami aslinipun, sadaya pancabaya murih Warga Sokomoyo khususipun ingkang dados pejabat sak pangandhap dumugi sak penginggilipun sadaya tansah sliringan kaliyan bebaya ingkang badhe tumawa dhateng Warga Sokomoyo menika.” (CLW: 03)



Gambar 20: Jenang Pliringan (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih jenang pliringan dipunwujudaken kangge sarana nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT. Supados tiyang gesang ing alam ndonya, mliginipun warga Padhukuhan Sokomoyo saged sliringan utawi sisihan kaliyan pancabaya ingkang badhe dhateng wonten gesang salajengipun.

8. Jenang Palang

Jenang palang wujudipun sekul pethak ingkang nginggilipun dipunparingi palang ujungan pisang. Jenang palang menika mesthi wonten ing salebeting ubarampe saparan ing Padhukuhan Sokomoyo. Makna saking jenang palang estunipun sami kaliyan makna saking jenang pliringan, inggih menika nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT, supados dipuntebihaken saking pancabaya. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 02*.

“Jenang palang kuwi kanggo malang-malangi, muga-muga wong kuwi diparingi waras slamet, dipalangi seka kulon, wetan, kidul, lor, ben aja nganggu gawe, ben didohke seka sambekala.” (CLW: 02)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung dening pratelan *informan 03*.

“Jenang palang kangge malangi sadaya pancabaya saking wetan, kidul, kilen, ler, murih sadaya pancabaya ingkang badhe tumawa wonten ing Warga Sokomoyo saged sumingkir.” (CLW: 03)



Gambar 21: Jenang Palang (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih jenang palang dipunwujudaken kangge nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT, supados sedaya pancabaya ingkang badhe dhateng saged dipunpalangi utawi saged sumingkir saking warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo. Kajawi menika tiyang gesang wonten ing alam ndonya ugi kedah tansah ngatos-atos anggenipun nglampahi gesang, supados jumbuh kaliyan pangajabipun.

9. Jenang Wangi

Jenang wangi minangka ubarampe saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, wujudipun toya pethak ingkang dipuncampur sekar mawar. Endraswara (2014:254) ngandharaken bilih wujud sekar saha toya pethak minangka *simbol* bilih Gusti nitahaken dharatan (sekar) saha segara (toya pethak). Makna saking jenang wangi inggih menika manembah dhumateg Gusti Allah SWT supados para warga Padhukuhan Sokomoyo saged tumindak becik utawi nggondo arum. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 02.

“Jenang wangi kuwi karepe wong ki ben isa nggondho sing arum. Supaya padha tumindak becik” (CLW: 02)



Gambar 22: Jenang Wangi (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih jenang wangi dipunwujudaken warga Padhukuhan Sokomoyo kangge nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT, supados saged sami tumindak becik saha dipuntebihaken saking tumindak ingkang ala. Kejawi saking menika, tiyang gesang ugi kedah ngudi njagi hawa nepsunipun piyambak-piyambak supados saged sumingkir saking tumindak ingkang ala.

10. Rujak Degan

Rujak degan inggih menika salah setunggaling ubarampe saparan in Padhukuhan Sokomoyo. Wujudipun degan ingkang dipunwadhahi wonten gelas. Makna saking rujak degan inggih menika tiyang gesang kedah mantep anggenipun madhep saha nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 02*.

“Rujak degan kuwi yen ana kahanan ben pemikirane isa meneb, le manambah karo sing kuwasa sing mantep.” (CLW: 02)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung kalihan pratelanipun *informan 03*.

“Rujak degan menika dipundamel saking kambil ingkang taksih enom, kambil enom kuwi jenenge cengkir. Mila maksudipun ngcengke pikir. Menawi pikiranipun kenceng, ati menika dados mantep anggenipun madhep mring Gusti ingkang Maha Kuwasa.” (CLW: 03)



Gambar 23: Rujak Degan (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih rujak degan dipunwujudaken supados tiyang gesang ing alam ndonya mliginipun warga Padhukuhan Sokomoyo panggalihipun saged kenceng saha manahipun mantep. Kanthi panggalih ingkang kenceng, manah menika mantep anggenipun madhep dhumateng Gusti Allah SWT .

11. Arang-arang Kambang

Arang-arang kambang wujudipun toya gendhis jawi ingkang dipuncampur wos goreng, wos goreng ingkang sampun wonten ing salebeting gelas, tansah katingal ngambang wonten nginggil. Arang-arang kambang salah satunggaling ubarampe ingkang kedah wonten. Makna saking arang-arang kambang inggih menika tiyang gesang anggenipun manembah dhumateng Gusti Allah SWT supados mantep lan boten arang-arang. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 02*.

“Sing arang-arang kambang kuwi le manembah utawa eling karo sing kuwasa ben aja kemambang, aja arang-arang.” (CLW: 02)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung kalihan pratelan *informan 03*.

“Arang-arang kambang nggih mekaten, supados manungsa menika anggenipun ngibadah boten arang-arang.” (CLW: 03)



Gambar 24: Arang-arang Kambang (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih arang-arang kambang kangge mujudaken tiyang gesang ingkang ngibadah utawi ndedonga dhumateng Gusti Allah SWT kedah mantep saha boten arang-arang. Awit saking menika, kados ingkang sampun dipunwujudaken mawi arang-arang kambang, anggenipun ngibadah ampun ngantos kemambang.

12. Larakan

Larakan menika wujudipun jajan pasar saha wulu wetu. Jajan pasar menika dhaharan ingkang dipuntumbes wonten peken, menawi wulu wetu ingkang dipunsamektakaken menika kasil panen warga Padhukuhan Sokomoyo, ing antawisipun tela, tales, jeruk, manggis, lan sanes-sanesipun. Makna saking larakan inggih menika kangge ngormati tiyang gesang ingkang boten dhahar sekul. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 03*.

“Larakan menika kangge ngormati ingkang boten dhahar sekul. Sadaya tiyang ingkang boten dhahar sekul. Saumpami wonten tiyang ingkang boten saged dhahar sekul saged dhahar jajan pasar utawi wulu wetu menika. Menika rak saged dados gantosing sekul.” (CLW: 03)



Gambar 25: Larakan (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih larakan dipunwujudaken mawi jajan pasar saha wulu wetu bumi pekarangan. Jajan pasar inggih menika dhaharan ingkang dipuntumbas wonten peken, menawi wulu wetuinggih menika dhaharan ingkang dipunkasilaken saking kasil tetanen warga Padhukuhan Sokomoyo. Anggenipun nyamektakaken larakan boten wonten pathokanipun, ingkang mesthi kaperang dados kalih jenis kala wau. Sadaya menika kangge ngormati sadaya tiyang gesang ingkang boten saged dhahar sekul.

13. Lawuhan

Lawuhan inggih menika maneka warna jagan ingkang saged dipunolah. Lawuhan ingkang dipunsamektakaken wonten saparan ing Padhukuhan Sokomoyo inggih menika jagan kenthang, jagan tholo, jagan mi, pentho, saha tempe. Lawuhan menika kangge jejangkeping slametan ingkang dipunsamektakaken. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan *informan 02*.

“Lawuhan kuwi cok diarani jagan, apa sing diolah disedhiakake, kanggo nggenepi slametan. Maksud kanggo lawuh rikala dhahar paritan salmetan.” (CLW: 02)




Gambar 26: Lawuhan (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih lawuhan menika dipunwujudaken dhaharan mateng. Lawuhan dipunsamektakaken kangge njangkepi slametan utawi ubarampe amargi sabibaripun paritan, lawuhan menika kangge lawuh anggenipun dhahar slametan. Lawuhan ingkang dipunolah ugi boten wonten pathokanipun, dados menapa kemawon ingkang saged dipunolah saged dipundadosaken ubarampe lawuhan.

14. Kembang Kinang

Kembang kinang minangka ubarampe ingkang kedah wonten ing salebeting saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, wujudipun suruh, enjet, gambir, mbako, saha arta. Sedaya isi saking kembang kinang menika gadhah makna piyambak-piyambak kangge gesang manungsa salajengipun. Andharan menika jumbuh kalihan pratelan informan 02.

“Kembang kinang cara dene istilahe tembunge muni titi. Ana suruh, enjet, gambir mbako, dhuwit, kuwi kanggo niteni le nggawe slametan. Gambir mbako kanggo nggambarake muga-muga wong urip iki isa ayem tentrem, enjet karo suruh maknane sing dikarepke isa kaleksanan. Syukur karo sing nitahke urip, muga-muga uwong kuwi diparingi panjang umur, bergas waras slamet.” (CLW: 02)



Gambar 27: Kembang Kinang (dokumentasi Arum)

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih kembang kinang minangka salah satunggaling ubarampe ingkang penting sanget. Wujud saking kembang kinang inggih menika suruh, enjet, gambir, mbako, saha arta gadhah makna piyambak-piyambak. Gambir saha mbako gadhah makna supados tiyang gesang menika saged ayem tentrem anggenipun nindakaken gesang. Salajengipun suruh saha enjet gadhah makna bilih menapa kemawon ingkang dipunkajengaken saged dados kasunyatan. Menawi arta menika kangge titi utawa ciri anggenipun damel slametan. Dados mawi ubarampe kembang kinang, warga Padhukuhan Sokomoyo gadhah pangajeng-ajeng supados gesang salajengipun saged ayem tentrem saha menapa kemawon pangajabipun saged dados kasunyatan.

E. Paedahipun Tradhisi Saparan Kangge Masarakat

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo menika kawiwitan taun 1950. Tradhisi menika taksih dipuntindakaken saben taunipun wonten wulan Sapar. Warga masarakat pitados bilih saparan minangka sarana ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rejeki ingkang kathah. Kajawi saking menika, saparan ugi gadhah paedah ingkang saged dipunraosaken masarakat Sokomoyo.

Paedah-paedah ingkang saged dipunpundhut saking tradhisi menika antawisipun paedah sosial, ekonomi, kabudayan saha pariwisata. Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, paedah saking Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo saged dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Bidang Sosial

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo menika adicara ingkang mbetahaken panyengkuyung masarakat, awit saking menika sadaya masarakat wiwit persiapan dumugi pungkasan kedah sami gotong royong nyamektakaken ubarampe ingkang dipunginakaken. Kanthi dhasar menika, saparan saged ngraketaken antawisipun masarakat satunggal saha masarakat satunggalipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan *informan 05*.

“Ingkang sepisan saking sosialipun, sosialipun warga masarakat saged ngraketaken anggenipun sami ngleksanakaken menika kanthi gotong royong, sami kerja sama satemah wiwit rancangan dumugi pungkasanipun saged mlampah sae awit sedaya manunggal antawisipun masarakat setunggal ;lan setunggalipun, mila pancen njig ageng sanget saking segi sosialipun.” (CLW:05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan 01*.

“Manfaat sing sepisan, masarakat isa gotong royong, sansaya rumaket. Kabeh melu nyengkuyung wiwit persiapan tekane pungkasan.” (CLW:01)

Dados adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo ingkang dipunsengkuyung dening warga masarakat wiwit lare, tiyang enem dumugi tiyang sepuh ndadosaken sadaya warga masarakat langkung rumaket saha guyub rukun.

2. Bidang Ekonomi

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo gadhah paedah ing bab ekonomi. Salebeting adicara saparan, wonten hiburan-hiburan ingkang dipunginakaken kangge panglipur para warga masarakat, hiburanipun inggih menika pasugatan jathilan nalika pungkasaning upacara saha pagelaran ringgit purwa nalika dalu. Awit saking menika, saperangan warga masarakat ndadosaken adicara menika kagem sadean. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 05*.

“Ekonomipun kanthi wonten kagiyatan menika dipunwonteni salah satunggaling panglipur-panglipur kados dene kesenian-kesenian, saengga wonten mriku warga masarakat ingkang gadhah pakaryan bakul menika saged, napa njih, mbeber dhaganganipun, sami sadayan, satemah saged ngindakaken perekonomian kaluwarga senajan to namung mbok bilih kalaksanakaken satunggal tahun sepisan namung estu saged tambahan ekonomi kagem keluwarga kasebat.” (CLW:05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*.

“Sakliyane kuwi uga isa kanggo nambah pemasukan kanggo para warga sing nduwe pakaryan dodolan.” (CLW: 01)

Dados wontenipun adicara saparan, saged paring pambiyantu dhateng saperangan warga masarakat kagem ngindhakaken perekonomian.

3. Bidang Budaya

Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo minangka salah satunggaling wujud kagem nguri-uri kabudayan ingkang sampun turun temurun. Kathah warga masarakat ingkang dereng mangertos kabudayanipun piyambak, mliginipun tiyang wiranem. Budaya menika tradhisi ingkang dipunwarisaken dening para leluhur, awit saking menika kedah dipunlestantunaken. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 05*.

“Nggih, saking segi budayanipun, menika sampun cetha sanget bilih budaya menika tilaranipun para sepuh ingkang sampun ngrumiyini mujudaken salah satunggaling budaya, pramila warga masarakat kanthi kegiatan menika kagem nglestantunaken nguri-uri lestarining budaya terutami ingkang wonten wilayah Padhukuhan Sokomoyo mriki.” (CLW:05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*.

“Saparan iki ya kanggo nguri-uri kabudayan, bocah enom saiki okeh sing durung ngerti.” (CLW: 01)

Saking andharan menika saged dipundudut bilih adicara saparan minangka salah satunggaling sarana kagem nepangaken kabudayan ingkang kedah dipunlestantunaken.

4. Bidang Pariwisata

Adicara Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo ugi gadhah paedah ing bab pariwisata. Padhukuhan Sokomoyo minangka salah satunggaling padhukuhan ingkang mapan ing salebeting Kalurahan Jatimulyo. Kalurahan Jatimulyo minangka Kalurahan ingkang kalebet Desa Wisata ingkang sabendintenipun narik kawigatosan para wisatawan saking njawi Kabupaten Kulon Progo. Kanthi dipunwontenaken adicara menika, saged nambah kawigatosanipun wisatawan saking njawi Padhukuhan Sokomoyo. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“Ndilalah Padhukuhan Sokomoyo kene mlebu ana ing Kalurahan Jatimulyo, lha Kalurahan Jatimulyo kuwi kalebu Desa Wisata sing ana ing Kabupaten Kulon Progo. Dadi kanthi dianakake event-event utawa merti dhusun kaya ngeneki, isa ngrawuhake para warga masarakat sak njaba padhukuhan uga sak jaba kalurahan, kepara seka sak njaba Provinsi DIY. Dadi seka segi wisata isa mendukung.” (CLW:01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan 05*.

“Ingkang pungkasan menika saking segi pariwisata, wontenipun tradhisi saparan saged narik kawigatosan masarakat sak njawinipun Padhukuhan Sokomoyo. Mbok bilih mekaten mbak”. (CLW:05)

Dados saged dipundudut bilih wontenipun adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo minangka sarana nepangaken potensi wisata Padhukuhan Sokomoyo dhateng para wisatawan, supados saged langkung dipunkenal. Saking sadaya rerangkening adicara saparan, ingkang langkung narik kawigatosan para wisatawan inggih menika adicara kirab saha pasugatan seni jathilan.

5. Bidang Agama

Saparan Padhukuhan Sokomoyo gadhah paedah wonten ing bab agami. Kapitadosan wonten ing Padhukuhan Sokomoyo wonten kalih inggih menika Islam saha Budha, ananging saperangan ageng menika ngrasuk Agami Islam. Tata cara upacara tradhisi saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipuntindakaken kanthi cara Islam, ananging boten lajeng mbedakaken agami sanesipun, masarakat ingkang ngrasuk Agami Budha tetep sami nyengkuyung adicara menika.

Paedah ing *bidang* agami menika saged dipuntingali saking prosesi saparan Padhukuhan Sokomoyo. Saparan menika dipunlampahi kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT awit sampun dipunparingi rejeki ingkang kathah saha nenuwun supados dipuntebihaken saking bebaya.

Andharan menika jumbuh kalihan pratelanipun *informan 01*.

“Saparan isa ngundhakke spiritual warga, warga padha tahlil ing kuburan kanggo ndongakke para leluhur, terus ancasa mau mbak, kanggo atur syukur marang Gusti Allah SWT karo nyuwun didohke saka bebaya.” (CLW:01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelan *informan 05*.

“Saking bab agami, saparan menika wonten adicara nyadran, tahlil saha ndedonga kangge para leluhur. Lajeng sadaya makna ubarampe ingkang dipunsamektakaken menika tujuanipun kangge atur syukur dhumateng Gusti ingkang maha kuwasa saha kangge nyuwun dipuntebihaken saking pancabaya ingkang badhe dhateng.” (CLW: 05)

Saking andharan ing nginggil saged dipundudut bilih saparan Padhukuhan Sokomoyo gadhah paedah wonten bidang agami inggih menika ngindhakaken spiritual warga Padhukuhan Sokomoyo. Saged dipuntingali saking prosesi saparan Padhukuhan Sokomoyo, ancas dipunwontenaken saparan, saha makna saking ubarampe-ubarampe ingkang dipunsamektakaen.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten bab Saparan Ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo, panaliten menika ngandharaken bab mula buka, prosesi, ubarampe saha makna simbolik, sarta paedah saparan ingkang saged dipunraosaken warga masarakat. Awit saking menika sage dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Saparan dipunwontenaken ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.
2. Mula bukanipun saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipunwiwiti taun 1950, saben tanggal 27 sapar satunggal taun sepisan. Saparan menika dipuntindakaken kangge atur syukur dhumateng Gusti Allah SWT saha kangge tolak bala saking sadaya pancabaya, amargi kala rumiyin ing Padhukuhan Sokomoyo wonten wabah penyakit utawi pageblug ingkang boten wonten tambanipun. Awit saking menika warga masarakat gadhah pangajab supados saged manggihaken keslametan wonten warsa salajengipun.
3. Wonten ing warsa 2019, saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipuntindakaken dinten Minggu 13 Oktober 2019. Ananging wiwit dinten Jum'at tanggal 11 Oktober 2019 sampun wiwit nyawisaken papan, lajeng wonten dinten Setu tanggal 12 Oktober 2019 sami nyadran saha nyamektakaken ubarampe ingkang kedah dipunginakaken. Rerangkening

adicara ingkang dipuntindakaken inggih menika enjing dumugi siyang dipunwontenaken kirab, upacara, pasugatan seni jathilan, dene dalunipun dipunwontenaken tirakatan saha pagelaran ringgit purwa.

4. Ubarampe ingkang dipunsamektakaken kangge prosesi tradhisi saparan gayut kaliyan pagesangan manungsa, amargi gadhah makna ingkang dipunpitados saged mupangat kangge gesang salajengipun. Ubarampe ingkang dipunsamektakaken inggih menika.

- a. Tumpeng Fajar Golong Sejdho

Tumpeng fajar makanipun kangge ngabekteni cikal bakal manungsa ing alam ndonya inggih menika Nabi Adam saha Siti Hawa. Lajeng makna saking golong sejdho inggih menika kagem ngabekteni para leluhur ingkang sampun sumare, supados Gusti Allah SWT paring pangapunten awit sedaya kalepatanipun.

- b. Tumpeng Rosul Golong 12

Makna saking tumpeng rosul nedahaken bilih tiyang gesang supados ngabekteni Nabi Muhammad SAW, para sahabat, saha kaluwarganipun, ngantos turun-maturunipun. Lajeng makna saking golong 12 nedahaken dina 7 (Senen, Selasa, Rebo, Kemis, Jemuwah, Setu, Minggu) saha pasaran 5 (Pon, Wage, Kliwon, Legi, Pahing). Amargi tiyang Jawi menika pitados bilih menawi badhe gadhah khajat kedah dipunpetung rumiyin ngginakaken dinten pitu pekenan gangsal.

c. Ingkung Pitik

Makna saking ingkung pitik inggih menika tiyang gesang kedah ngibadah, manembah dhumateng Gusti Allah SWT saha pasrah nyuwun pangapunten awit sadaya kalepatanipun. amargi gesanging manungsa menika wonten ingkang damel gesang.

d. Ambeng 4

Ambeng 4 nedahaken bilih kiblat menika wonten sakawan, kiblat ingkang dipunmaksud inggih menika lor, kidul, wetan, saha kulon.

e. Segi Liwet (Bethak Sepuh)

Makna saking segi liwet utawi bethak sepuh inggih menika kangge ngabekteni dening ingkang njagi badanipun manungsa.

f. Jenang Abang saha Putih

Jenang abang saha putih gadhah makna kangge nedahaken bilih sadaya tiyang gesang kedah ngabekti marang tiyang sepuhipun. Jenang abang minangka *simbol* ibu saha jenang putih minangka *simbol* bapak.

g. Jenang Pliringan

Makna saking jenang pliringan inggih menika tiyang gesang sami nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT supados sadaya pancabaya ingkang badhe dhateng saged sisihan.

h. Jenang Palang

Jenang palang dipunwujudaken kangge nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT, supados sedaya pancabaya ingkang badhe dhateng saged dipunpalangi utawi saged sumingkir.

i. Jenang Wangi

Makna saking jenang wangi inggih menika manembah dhumateg Gusti Allah SWT supados para warga Padhukuhan Sokomoyo saged tumindak becik utawi nggondo arum. Supaya padha tumindak becik.

j. Rujak Degan

Rujak degan dipunwujudaken supados tiyang gesang ing alam ndonya mliginipun warga Padhukuhan Sokomoyo panggalhipun saged kenceng saha manahipun mantep. Kanthi panggalih ingkang kenceng, manah menika mantep anggenipun madhep dhumateng Gusti Allah SWT .

k. Arang-arang Kambang

Makna saking arang-arang kambang inggih menika tiyang gesang anggenipun manembah dhumateng Gusti Allah SWT supados mantep saha boten arang-arang.

l. Larakan

Larakan menika wujudipun jajan pasar saha wulu wetu. Makna saking larakan inggih menika kangge ngurmati sadaya tiyang gesang ingkang boten dhahar sekul.

m. Lawuhan

Lawuhan menika kangge jejangkeping slametan ingkang dipunsamektakaken saha kangge lawuh anggenipun dhahar slametan sasampunipun dipunparit.

n. Kembang Kinang

Wujud saking kemang kinang wonten suruh, enjet, gambir, mbako, saha arta. Gambir saha mbako gadhah makna supados tiyang gesang menika saged ayem tentrem anggenipun nindakaken gesang. Salajengipun suruh saha enjet gadhah makna bilih menapa kemawon ingkang dipunkajengaken saged dados kasunyatan. Menawi arta menika kangge titi utawi tandha anggenipun damel slametan. Dados mawi ubarampe kembang kinang, warga Padhukuhan Sokomoyo gadhah pangajeng-ajeng supados gesang salajengipun saged ayem tentrem saha menapa kemawon pangajabipun saged dados kasunyatan.

5. Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo gadhah paedah ingkang saged dipunraosaken dening warga masarakat. Paedah menika dipunperang dados sakawan, inggih menika paedah sosial, ekonomi, budaya, saha pariwisata. Inggih sepisan paedah bab sosial, ndadosaken warga masarakat sansaya rumaket saha guyub rukun. Salajengipun saking bab ekonomi saged paring paedah kangge saperangan masarakat ingkang gadhah pakaryan bakul saged sadean wonten adicara menika. Saking tradhisi menika ugi saged paring paedah bab budaya, kanthi adicara menika masarakat sami nyengkuyung anggenipun nguri-uri kabudayan ingkang sampun turun-temurun. Lajeng bab pariwisata, adicara saparan saged narik kawigatosan para wisatawan sak njawining warga Padhukuhan Sokomoyo, kanthi kathah wisatawan ingkang mirsani adicara menika saged nepangaken potensi wisata Padhukuhan Sokomoyo. Paedah ingkang pungkasan inggih menika paedah bab agami, kanthi dipunwontenaken saparan, saged ngindhakaken spiritual warga

Padhukuhan Sokomoyo. Saged dipuntingali saking prosesi saparan Padhukuhan Sokomoyo, ancas dipunwontenaken saparan, saha makna saking ubarampe-ubarampe ingkang dipunsamektakaen.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika ngrembag bab mula bukanipun saparan Padhukuhan Sokomoyo, prosesi, ubarampe, makna simbolik, saha paedah tumrap masarakat ingkang sami nyengkuyung adicara menika. Saparan taksih dipuntindakaken dumugi samenika, amargi kathah paedah ingkang saged kapethik saha kagem sarana nguri-uri kabudayan.

C. Pamrayogi

Saparan ingkang dipuntindakaken dening warga Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo ngemot piwulang-piwulang ingkang saged dipunginakaken kangge sinau. Budaya menika kedah dipunlestantunaken, awit saking menika panaliti suka pamrayogi bilih saparan menika prelu dipunbukukaken supados saged nambah *referensi* saha sumbangan *data* bab upacara adat ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo.

KAPUSTAKAN

- Adibah, Ida Zahara. 2015. *Makna Tradisi Saparan di Desa Cukilan Kecamatan Suruh Kabupaten Semarang*. Jurnal Madaniyah. Vol. 2. Edisi IX. 145-164.
- Amalia, Ana Muslimati. 2015. “*Upacara Tradhisi Merti Bumi Tunggul Arum ing Padhukuhan Tunggul Arum Kalurahan Wonokerto Kapanewon turi Kabupaten Sleman (Kajian Folklor, Tatacara, Makna Simbolik, saha Paedah)*”. Skripsi S1. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. Yogyakarta.
- Danandjaja, James. 1991. *Folklor Indonesia*. Jakarta: PT Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- , 2010. *Folklor Jawa Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- , 2014. *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: NARASI (Anggota IKAPI).
- , 2017. *Ngelmu Kejawen Konsep, Substansi, dan Pengkajian*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNY.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Koentjaraningrat. 1992. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- , 2002. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- , 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Edisi Revisi. Jakarta: Rineka Cipta.
- Ningsih, Tutuk. 2019. *Tradisi Saparan dalam Budaya Masyarakat Jawa di Lumajang*. Jurnal Kajian Islam dan Budaya. Vol. 17. No. 1. 79-93.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B Wolters Uitgevers Maatschappij.
- Tim Penyusun. 2018. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.

Twikromo, Y Argo. 2013. Upacara Adat. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya (BNPB).

LAMPIRAN

Cathetan Lapangan Observasi (CLO) 1

Dinten/Tanggal : Setu/5 Oktober 2019

Wekdal : 19.00 WIB

Papan : Dalemipun Bapak Tukimin

Topik : Rapat Saparan

Asiling Observasi :

Rapat panitia saparan dipunwontenaken dinten setu tanggal 5 Oktober 2019, tabuh 19.00 WIB, wonten dalemipun Bapak Tukimin minangka kepala dhukuh Padhukuhan Sokomoyo. Ingkang rawuh wonten rapat saparan inggih menika kepala dhukuh, ketua RT, ketua RW, perwakilan ibu-ibu PKK, perwakilan karang taruna, saha tokoh agami.

Saking rapat menika, dipunsarujuki rerangkening adicara ingkang badhe dipuntindakaken inggih menika cecawis papan, nyadran, cecawis ubarampe, kirab, upacara, hiburan, tirakatan, saha pagelaran ringgit purwa. Saking rapat menika ugi kasusun susunan panitia kados ing ngandhap menika.

Susunan Panitia Saparan Tahun 2019

Pelindung	: Tukimin (Dhukuh Sokomoyo)
Ketua	: Supangat
Sekretaris	: Dewi Arita Anandayu
Bendahara	: Sakimin
Seksi Acara	: Suwandi
Seksi Upacara	: Edi Suparno
Seksi Perlengkapan	: Sarijan
Seksi Konsumsi	: Sutriyanti
Seksi Keamanan	: Suyadi
Seksi Hiburan	: Maryono
Seksi Humas	: Karsino
Seksi Dokumentasi	: Nur Jati

Cathetan Refleksi:

1. Rapat Panitia Saparan nalika dinten Setu tanggal 5 Oktober 2019.
2. Ingkang rawuh wonten rapat saparan perwakilan saking tokoh masarakat saha organisasi.
3. Wonten salebeting rapat karembag susunan panitia saha rerangkening adicara saparan.

Cathetan Lapangan Observasi (CLO) 2

Dinten/Tanggal : Jum'at/11 Oktober 2019

Wekdal : 09.00 WIB

Papan : Joglo Padma Saputro

Topik : Cecawis Papan Tradhisi Saperan

Asiling Observasi :

Cecawis papan tradhisi saperan dipuntindakaken dinten Jum'at tanggal 11 Oktober 2019 wonten ing Joglo Padma Saputro. Sadaya wara masarakat kempal wonten Joglo Padmo Saputro kangge reresik papan ingkang badhe dipunginakaken. Para warga menika sami mbagi tugas supados enggal rampung. Wonten ingkang nyamektakaken papan upacara, lajeng papan kangge pasugatan seni jathilan saha pagelaran ringgit purwa.

Kejawi saking punika ugi wonten ingkang nyamektakaken rute kirab ingkang badhe kalangkungan. Sasampunipun papan cumawis, piranti-piranti ingkang dipunbetahaken ugi dipunsamektakaken, kadosta sound system, gamelan, ringgit, lan sapanunggalanipun. Cecawis papan saha piranti dipuntindakaken kalih dinten saderengipun prosesi saperan, supados menawi wonten ingkang kirang, saged dipuntambahi malih.

Cathetan refleksi :

1. Cecawis papan nalika dinten Jum'at tanggal 11 Oktober 2019.
2. Papan ingkang dipunsamektakaken inggih menika papan kangge upacara, rute kirab, papan pasugatan seni jathilan, saha papan pagelaran ringgit purwa.

Cathetan Lapangan Observasi (CLO) 3

Dinten/Tanggal : Sabtu/12 Oktober 2019

Wekdal : 1. 07.00 WIB
2.19.00 WIB

Papan : 1. Makam
2.Dalemipun Bapak Tukimin

Topik : 1. Nyadran
2.Cecawis Ubarampe

Asiling Observasi :

Ing dinten setu tanggal 12 Oktober 2019 menika wonten kalih adicara, inggih menika nyadran saha cecawis ubarampe. Nyadran dipuntindakaken nalika enjing, lajeng cecawis ubarampe dipuntindakaken nalika ndalu. Nyadaran menika kagiyatanipun resesik makam leluhur, dipunlajengaken tahlil, saha ndedonga. Makam wonten Padhukuhan Sokomoyo wonten kalih, inggih menika Makam Kali Gayam saha Makam tengisan.

Inggang kagiyatan cecawis ubarampe dipuntindakaken wonten dalemipun Bapak Tukimin minangka Kepala Dhukuh Sokomoyo saha wonten dalemipun saben Ketua RT. Wonten mriko sami nyamekatakaken jolen saha ubarampe ingkang badhe dipunasta nalika kirab saha prosesi saparan. Ubarampe ingkang dipunsamektakaken inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng 4, golong 12, golong sejodho, bethak sepuh, jenang abang, jenang putih, jenang palang, jenang pliringan, jenang wangi, rujak degan, arang-arang kambang, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.

Cathetan Refleksi:

1. Nyadran dipuntindakaken dinten setu enjing tanggal 12 Oktober 2019. Kanthi dipunperang wonten kalih makam, inggih menika Makam Kali Gayam saha Makam Tengisan.

2. Cecawis Ubarampe dipuntindakaken dinten setu ndalu tanggal 12 Oktober 2019 wonten dalemipun Kepala Dhukuh Sokomoyo saha Ketua RT.

Cathetan Lapangan Observasi (CLO) 4

Dinten/Tanggal : Minggu/13 Oktober 2019
 Wekdal : 09.00 WIB
 Papan : Padhukuhan Sokomoyo
 Topik : Prosesi Upacara Tradhisi Saparan
 Asiling Observasi :

Prosesi Upacara Tradhisi Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo dipunwiwiti tabuh 09.00 WIB. Adicara ingkang dipunrantam inggih menika: (1) Pambuka, (2) Kirab, (3) Sambutan, (4) Ikrar Slametan (Ndedonga Sesarengan), saha (5) Dhahar Sesarengan.

Adicara dipunwiwiti pambuka kanthi ndedonga sesarengan ingkang dipunpimpin Bapak Suwandi. Adicara angka kalih kirab tradhisi saparan, kirab dipunwiwiti saking dalemipun Bapak Dhukuh Sokomoyo dumugi Joglo Padma Saputro. Urutan kirab ingkang wonten ngajeng piyambak inggih menika cucuk lampah, Cucuk lampah wonten kirab saparan Padhukuhan Sokomoyo gunggungipun wonten tiga, inggih menika Kepala Dhukuh, Ketua RW 1, saha Ketua RW 2.



Cucuk Lampah

Gambar 4: Cucuk Lampah (dokumentasi Arum)

Sawingkingipun cucuk lampah wonten jolen padhukuhan isinipun sadaya ubarampe ingkang sampun dipunsamektakaken saderengipun kirab, inggih menika tumpeng fajar, tumpeng rosul, ingkung, ambeng papat, golong rolas, golong sejodho, bethak sepuh, jenang abang saha putih, jenang pliringan, jenang

palang, jenang wangi, arang-arang kambing, rujak degan, larakan, lawuhan, saha kembang kinang.



Gambar 5: Jolen Padhukuhan (dokumentasi Arum)

Salajengipun barisan Santri 9, dipunlajengaken bregada jolen saha pangombyong RT 1 dumugi RT 13. Ubarampe wonten salebeting jolen sami kaliyan jolen padhukuhan. Pangombyong RT baris wonten sawingkingipun jolenipun piyambak-piyambak kanthi mbekta kasil panen ingkang nembe dipunpanen, kadosta sayur, woh-wohan, saha palawija.



Gambar 6: Pangombyong RT 05 (dokumentasi Arum)

Barisan ingkang wonten wingking piyambak inggih menika bregada seni, seni jathilan menika wonten pungkasaning kirab kangge hiburan warga masarakat. Sasampunipun sadaya pasarta kirab dumugi ing plataran Joglo Padma Saputro, para pangombyong jumeneng wonten wingkingipun jolen RT-nipun piyambak-piyambak.



Gambar 2: Joglo Padma Saputro (dokumentasi .Arum)

Adicara dipunlajengaken sambutan saking sesepuh adhat. Sesepuh adhat menika pasrah sadaya slametan dhateng para santri supados dipundongakaken. Salajengipun slametan agung jolen padhukuhan dipunpagas tumpeng rosulipun dening sesepuh adhat lan dipuncaosaken dhateng Kepala Dhukuh Sokomoyo. Bibar menika sadaya jolen padhukuhan saha jolen RT dipunparit dening warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo.

Pungkasaning adicara wonten pasugatan Seni Jathilan, hiburan kangge masarakat Sokomoyo ingkang sampun nyengkuyung adicara Saparan. Jathilan minangka salah satunggaling tari budaya ingkang taksih ngrembaka ing Padhukuhan Sokomoyo. Beksanipun inggih menika beksan klasik kanthi irah-irahan babad jengala.



Gambar 11: Pasugatan Seni Jathilan (dokumentasi Arum)

Cathetan Refleksi :

1. Prosesi upacara tradhisi saparan ing Padhukuhan Sokomoyo nalika dinten Minggu tanggal 13 Oktober 2019.
2. Upacara tradhisi saparan ing Padhukuhan Sokomoyo minangka salah satunggaling wujud raos syukur dhumateng Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rejeki ingkang kathah.
3. Warga ingkang ndherek prosesi saparan menika namung warga masarakat Padhukuhan Sokomoyo kemawon.

Cathetan Lapangan Observasi (CLO) 5

Dinten/Tanggal : Minggu/13 Oktober 2019
 Wekdal : 19.30 WIB
 Papan : Joglo Padma Saputro
 Topik : Tirakatan saha Pagelaran Ringgit Purwa
 Asiling Observasi :

Tirakatan saha pagelaran ringgit purwa minangka rerangkening adicara saparan ing Padhukuhan Sokomoyo rikala dinten Minggu tanggal 13 Oktober 2019 ndalu. Pagelaran ringgit purwa minangka hiburan kangge masarakat satunggal padhukuhan ingkang sampun nyengkuyung adicara saparan. Ancasipun kangge mahargya anggenipun nindakaken tradhisi saparan.



Gambar 12: Pagelaran Ringgit Purwa (dokumentasi Arum)

Pagelaran ringgit purwa lampahan Tumuruning Wahyu Senopati dening Ki Suroso Plentheth, dhalang lokal saking Padhukuhan Sokomoyo dipuntindakaken wiwit tabuh 21.00 dumugi tabuh 04.00 enjing.

Cathetan Refleksi :

1. Tirakatan saha Pagelaran Ringgit Purwa minangka hiburan kangge masarakat saha kangge mahargya anggenipun slametan saparan.

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 01

Dinten/Tanggal : Sabtu, 7 Maret 2020

Papan : Dalemipun Pak Tukimin

Wekdal : 19.00 WIB

Narasumber : Tukimin (Perangkat Desa, Dhukuh Sokomoyo)

Arum : Asmanipun sinten Pak?

Pak Tukimin : Kula Tukimin

Arum : Kula badhe nyuwun pirsia bab upacara tradhisi saparan menika Pak

Pak Tukimin : Nggih

Arum : saparan menika dipunwiwiti kapan nggih Pak?

Pak Tukimin : Ya sekitar taun 1950 mbak

Arum : lajeng mula bukanipun tradhisi menika kadospundi?

Pak Tukimin : Biyen Padhukuhan Sokomoyo kene ana wabah pageblug, lha biyen Mbah Jaga Setika minangka Lurah nanga kene semedi, ndedonga ing senthong ngomahe. Anggone semedi ngasilke wangsit, jarene Sokomoyo kene kudu nganakake slametan. Lha rak le semedi kuwi pas sasi sura, banjur diumumake marang warga masarakat, disepakati wulan sapar nganakake slametan kuwi. Bar slametan kuwi, pageblug sing ana ing Padhukuhan Sokomoyo ilang.

- Arum : Adicara ingkang dipunlampahi saben taun menika mesthi menapa mboten?
- Pak Tukimin : Ya nek acara sing saiki-saiki saben taun kurang luwihe tetep padha, ning nek karo sing awal banget mbiyen ana sing beda. Kirab iki rak mbiyen ora ana mbak
- Arum : Kangge adicara kirab, ubarampe ingkang wonten salebeting jolen menika napa kemawon Pak?
- Pak Tukimin : Kuwi ana Tumpeng Fajar, Tumpeng Rasul, Golong 12, Ambeng 4, Ingkung Pitik, Liwet utawa Bethak Sepuh, Jenang Abang Putih, Jenang Pliringan, Jenang Palang, Jenang Wangi, Rujak Degan, Arang-Arang Kambang, Larakan, Lawuhan, Kemang Kinang
- Arum : Ancas saking dipuntindakaken saparan menika menapa Pak?
- Pak Tukimin : Kanggo sarana caos syukur dhumateng Gusti Allah SWT karo nenuwun supaya didohke seka bebaya, ya nggo tolak bala istilahe
- Arum : Lajeng Paedah ingkang saged dipunraosaken dening masarakat menika menapa Pak?
- Pak Tukimin : Manfaat sing sepisan, masarakat isa gotong royong, sansaya rumaket. Kabeh melu nyengkuyung wiwit persiapan tekane pungkasan. Sakliyan kuwi , ndilalah Padhukuhan Sokomoyo kene mlebu ana ing Kalurahan Jatimulyo, Iha Kalurahan Jatimulyo kuwi kalebu Desa Wisata sing ana ing Kabupaten Kulon Progo. Dadi kanthi dianakake event-event utawa merti

dhusun kaya ngeneki , isa ngrawuhake para warga masarakat sak njaba padhukuhan uga sak jaba kalurahan, kepara seka sak njaba Provinsi DIY. Dadi seka segi wisata isa mendukung .

Arum : Menapa wonten paedah sanesipun Pak?

Pak Tukimin : Saparan iki ya kanggo nguri-uri kabudayan, bocah enom saiki okeh sing durung ngerti. Isa uga kanggo nambah pemasukan kanggo para warga sing nduwe pakaryan dodolan. Sakliyan kuwi, saparan isa ngundhakke spiritual warga, warga padha tahlil ing kuburan kanggo ndongakke para leluhur, terus ancasa mau mbak, kanggo atur syukur marang Gusti Allah SWT karo nyuwun didohke saka bebaya.

Cathetan Refleksi :

1. Mula Bukanipun Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo
2. Ubarampe Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo
3. Paedah Saparan Kangge Masarakat ing Padhukuhan Sokomoyo

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 02

Dinten/Tanggal : Minggu, 8 Maret 2020

Papan : Dalemipun Pak Muh Abdillah

Wekdal : 19.30 WIB

Narasumber : Muh Abdillah (Petani, Tokoh Agama)

Arum : Asmanipun Sinten Pak?

Pak Muh : Muh Abdillah

Arum : Kula badhe nyuwun pirsane bab ubarampe saparan ingkang dipunarak menika Pak, wiwit saking Tumpeng Fajar kaliyan Tumpeng Rasul

Pak Muh : Nek tumpeng fajar kuwi cara-cara kanggo ngabekti bapa adam ibu hawa, cikal bakale mbiyen. Njuk nek tumpeng rasul kuwi sekul wuduk ulam lembaran, sing dingabekteni nabi rasul Kanjeng Nabi Muhammad SAW

Arum : Salajengipun maksud saking golong 12 ambeng 4 saha golong sejodho

Pak Muh : Anane golong 12 kuwi ya seka dina 7 pasaran 5, dinane seka senin tekan setu, pasaran 5 kuwi paing, pon, wage, kliwon, legi. Ambeng 4 kuwi kiblat papat, lima pancer. Maksute lor, kidul kulon, wetan. Maksude ngono kuwi. Golong sejodho kuwi sing dibekteni para leluhur ne kana lupute muga-muga dingapurani sing kuwasa, loro kuwi lanang wedok.

- Arum : Ingkang golong 12, kenging menapa kok kangge ngemut-emut dinten 7 pasaran 5?
- Pak Muh : Merga wong Jawa kuwi percaya yen arep duwe gawe utawa khajat mesthi dipetung nganggo dina 7 pasaran 5.
- Arum : Menawi ingkang ambeng 4 kadospundi Pak? Kok kedah ngemut-emut kiblat 4?
- Pak Muh : Ambeng 4 rak kanggo nggambarke arah kiblat lor, wetan, kulon, kidul. Kuwi kanggo nenuwun supaya pancer utawa sapa wae sing duwe khajat didohke seka pancabaya. Pancabaya seka lor ben bali ngalor, seka wetan ben bali ngetan, seka kulon ben bali ngulon, sing seka kidul ya ben bali ngidul.
- Arum : Ubarampe salajengipun Ingkung Pitik
- Pak Muh : Werdine ingkung kuwi kudune cen ditaleni, intine kon manembah karo sing nitahke urip sing kuwasa, kon ngabekti sujud karo sing kuwasa. Kejaba kuwi uga pasrah njaluk pangapura.
- Arum : Menawi Liwet Sega Bethak Sepuh Pak?
- Pak Muh : Bethak Sepuh kuwi cara-cara among-among, nek mbiyen le ngarani muni liwet sekendhil, ning nek saiki bethak sepuh kuwi. Kanggo nyaosi kurmat Nyai Among Kyai Among , sing momong badane menungsa
- Arum : Lajeng makna saking maneka warna jenang

Pak Muh : Jenang abang putih kuwi kedadean seka bapak karo simbok. Jenang palang kuwi kanggo malang-malangi, muga-muga wong kuwi diparingi waras slamet, dipalangi seka kulon, wetan, kidul, lor, ben aja ngganggu gawe, ben didohke seka sambekala. Jenang Pliringan kuwi mulakno diarani pliringan, ben sisihan utawa sliring-sliringan karo sambekala, sing ngalor ya ben ngalor, sing ngidul ya ben ngidul, karepe ngono kuwi. Jenang wangi kuwi karepe wong ki ben isa nggondho sing arum. Supaya padha tumindak becik.

Arum : Jenang abang kalihan putih ingkang nyimbolaken bapak werni napa Pak?

Pak Muh : Sing abang kuwi simbok, sing putih kuwi bapak.

Arum : Ingkang rujak degan kaliyan arang-arang kadospundi Pak?

Pak Muh : Rujak degan kuwi yen ana kahanan ben pemikirane isa meneb, le manembah karo sing kuwasa sing manteb. Sing arang-arang kambang kuwi le manembah utawa eling karo sing kuwasa ben aja kemambang, aja arang-arang

Arum : Larakan menika wonten kalih nggih Pak?

Pak Muh : Larakan kuwi ana jajan pasar karo wulu wetu. Jajan Pasar utawa tukon pasar kuwi disedhiakake ben le manembah karo sing kuwasa diparingi bergas waras slamet ben uwong ki le manembah sing manteb, ayem, tentrem. Sing wulu wetune bumi pekarangan kuwi disyukuri ben sing dipangan ki mberkahi

- Arum : Lawuhan Maknanipun kadospundi Pak?
- Pak Muh : Lawuhan kuwi cok diarani jangan, apa sing diolah disedhiakake, kanggo nggenepi slametan. Maksude kanggo lawuh rikala dhahar paritan salmetan.
- Arum : Ubarampe ingkang pungkasan menika kembang kinang
- Pak Muh : Kembang kinang cara dene istilahe tembunge muni titi. Ana suruh, enjet, gambir mbako, dhuwit, kuwi kanggo niteni le nggawe slametan. Gambir mbako kanggo nggambarake muga-muga wong urip iki isa ayem tentrem, enjet karo suruh maknane sing dikarepke isa kaleksanan. Syukur karo sing nitahke urip, muga-muga uwong kuwi diparingi panjang umur, bergas waras slamet.
- Arum : Ancasipun dipunwontenaken saparan menika menapa Pak?
- Pak Muh : Ya kanggo lantaran caos syukur karosing nitahke urip, Alhamdulillah Sokomoyo iki dha diparingi rejeki, ben rejeki ne manfaat, sing mberkahi
- Arum : Kenging menapa saparan menika dipunadani wonten Joglo Padma Saputro?
- Pak Muh : Mbiyen karang cikal bakal utawa sing ngadani saparan ki Mbah Jogo Setika, njuk tekan saiki tetep nang daleme kono
- Arum : Kinten-kinten saparan menika wiwit taun pinten Mbah? Lajeng menapa wonten ewah-ewahan?

- Pak Muh : Mbiyen ke critane kawit jamane Mbah Jogo Setika ana pageblug, awan slametan, mbengine nanggap tledhekan njuk wayangan, ning nek saiki karang wis raono tledhek njuk ana jathilan njuk wayangan kuwi. Tujuane jathilan karo wayangan kuwi ya ming hiburan, sing baku awane wis dha gendhuren njaluk karo sing kuwasa ben dha diparingi rejeki sing manfaati. Sing diowahi ya kuwi biyen ana tledhek saiki ora, biyen raono kirab saiki ana
- Arum : Wonten barisan kirab menika wonten santri 9, maksudipun kadospundi?
- Pak Muh : Kuwi nggambarake biyen, kaitane karo jaman wali. Mergane kedadean slametan kuwi, seka wali 9. Biyen jaman wali slametan ki urung dibabarke kaya saiki, ning rak saiki diwerdeni, ben dha ngerti karepe. Ya kuwi mau ubarampe sing digunakake ana werdine dhewe-dhewe
- Arum : Sadaya slametan menika pungkasan kirab dipunparit, ancasipun menapa?
- Pak Muh : Tujuane slametan diparit ke ngalah berkah bar digendhureni
- Arum : Lajeng saderengipun wayangan menika wonten tirakatan ugi nggih Pak?
- Pak Muh : Ho'o cirakatan kuwi bareng karo wayangan, nggo gawe kumpul warga karo mahargya le slametan kuwi

Arum : Menawi saderengipun kirab menika sami tindak makam nggih Pak?

Pak Muh : Iya, sak Sokomoyo dha reresik makam ahli kubur, klebune wajib wong dha nduwe leluhur dhewe-dhewe.

Cathetan Refleksi :

1. Mula Bukanipun Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo
2. Makna Simbolik Ubarampe Saparan ing Pafhukuhan Sokomoyo

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 03

Dinten/Tanggal : Senin, 9 Maret 2020

Papan : Dalemipun Pak Edi Suparno

Wekdal : 19.30 WIB

Narasumber : Edi Suparno (Petani, Ketua RW 2)

Arum : Asmanipun Sinten Pak?

Pak Edi : Kula Edi Suparno

Arum : Kula badhe nyuwun pirsaa bab ubarampe ingkang dipunginakaken wonten tradhisi saparan

Pak Edi : Nggih mangga mbak

Arum : Saking ubarampe ingkang dipunarak menika wonten maknanipun piyambak-piyambah nggih Pak?

Pak Edi : Enggih, sing terutama seka golong. Golong serakit, maksutipun kakung saha putri, nenuwun dhumateng Gusti Allah SWT supados para leluwur ingkang sampun sumare dipangapurani. Kuwi kabeh jane ora lepas seka Gusti Allah SWT, ning rak wujud werna-werna. Ambeng 4 menika nedahaken kiblat 4, lor, kidul, wetan, kulon sing dipunkurmawti para leluwur, para pepundhen ingkang sampun sumare saha ngormati ingkang nitah bapak, akal, bakal, banjar, pekarangan Bumi Sokomoyo, cara gethek pethele jane dikirim donga.

Arum : Menawi tumpeng fajar saha rasul menika maknanipun menapa Pak?

Pak Edi : Manungsa menika rumiyin kadadosan saking wontenipun Nabi Adam saha Ibu Hawa. Dados tumpeng fajar kangge ngormati menika. Tumpeng rasul ingkang dipunkurmati Nabi Muhammad, sohabat, umatipun, lan sak turun maturunipun.

Arum : Salajengipun Bethak Sepuh kaliyan Ingkung Pitik

Pak Edi : Ya nek arep gawe among-among sing dikurmati Kyai Among Nyai Among sing momong jiwa ragane si A, kuwi diwujudake nganggo bethak sepuh. Bethak Sepuh abenipun ulam sari. Ulam sari niku ingkung. Ingkang dipun kurmati Nyai Rantamsari, Kyai Rantamsari ingkang mengkoni Bumi Sokomoyo sakiwa tengenipun minggahipun dhateng kalurahan, kecamatan, kabupaten, dumugisak nginggilipun. Murih Warga Sokomoyo manggih rahayu slamet dumugi turun maturunipun.

Arum : Ubarampe salajengipun maneka warna jenang

Pak Edi : Aluamah, Supiyah, Mutmainah, Amarah ingkang dipunkurmati lan dipunjamak. Ampun ngantos nganggu Warga Sokomoyo anggenipun merti dhusun, murih rahayu slamet rinten kelawan dalunipun ngantos dumugi para turun maturunipun. Jenang palang kangge malangi sadaya pancabaya saking wetan, kidul, kilen, ler, murih sadaya pancabaya ingkang badhe tumawa wonten ing Warga Sokomoyo saged sumingkir. Jenang pliringan niku sami

aslinipun, sadaya pancabaya murih Warga Sokomoyo khususipun ingkang dados pejabat sak pangandhap dumugi sak penginggilipun sadaya tansah sliringan kaliyan bebaya ingkang badhe tumawa dhateng Warga Sokomoyo menika. Jenang wangi ingkang dipunkurmati para ratu sak garwa sak putra sedaya dipunkurmati lan dipunjamak murih ngganda arum. Nggandani tumindak becik, supados saged dipuntebihaken saking hawa napsu ingkang ala. Mugi-mugi warga Sokomoyo anggenipun merti dhusun manggihaken rahayu slamet.

Arum : Lajeng rujak degan kaliyan arang-arang kambang

Pak Edi : Rujak degan menika dipundamel saking kambil ingkang taksih enom, kambil enom kuwi jenenge cengkir. Mila maksudipun ngencengke pikir. Menawi pikiranipun kenceng, ati menika dados manteb anggenipun madhep mring Gusti ingkang Maha Kuwasa. Arang-arang kambang nggih mekaten, supados manungsa menika anggenipun ngibadah boten arang-arang.

Arum : Larakan ingkang wujudipun wonten jajan pasar kaliyan wulu wetu menika kadospundi?

Pak Edi : Larakan menika kangge ngurmati ingkang boten dhahar sekul.

Arum : ingkang boteen dhahar sekul menika sinten Pak?

Pak Edi : Sadaya tiyang ingkang boten dhahar sekul. Saumpami wonten tiyang ingkang boten saged dhahar sekul saged dhahar jajan pasar

utawi wulu wetu menika. Menika rak saged dados gantosing
sekul.

Cathetan Refleksi :

1. Makna Simbolik Ubarampe Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 04

Dinten/Tanggal : Selasa, 10 Maret 2020

Papan : Dalemipun Pak Subandiyo

Wekdal : 15.30 WIB

Narasumber : Subandiyo (Petani)

Arum : Asmanipun sinten?

Pak Bandi : Bandi mbak

Arum : Kula badhe nyuwun pirsa bab mula bukanipun Saparan Sokomoyo Pak

Pak Bandi : Nggih, nggih, mangga, mangga

Arum : Saparan menika dipunwiwiti taun pinten nggih Pak?

Pak Bandi : Taun 1950 an mbak. Saben tanggal 27 sapar.

Arum : Kenging menapa kok dipuntindakaken tanggal 27 sapar Pak?

Pak Bandi : Amarga biyen tanggal 27 kuwi hasil rembugan para warga sawise mbah Jogo Setiko oleh wangsit.

Arum : Lajeng mula bukanipun kadospundi nggih?

Pak Bandi : Mbiyen kuwi dhek jamane Mbah Jogo Setiko Sokomoyo kene ana pageblug, paribasane isuk lara sore mati, sore lara isuk mati. Ngubur wong mati hurung bali, ngomah wis ana wong mati. Salah sijine dina kuwi kok sela, wong kuwi raono sing mati. Sing nggawe lewangan kuwi nang tengisan kae, saben dina tetep gawe, ana apa ora ana wong mati tetep gawe lewangan. Lha ndilalah

salah sawijining dina kuwi sedina ora ana wong mati. Lha Mbah Jogo Setiko kuwi minangka lurah nganakke sukuran, rame-rame ngundang tledhek. Mbiyen dhukuh-dhukuh seka Sunyo, Sedoyong, Pringtali, kuwi dha nggawa slametan nganggo cething gawa nanggone pak lurah, Joglo Padma Saputro kono kae. Slametan mau digendhureni bareng-bareng, bar kuwi terus tledhekan. Saiki le saparan sak pedhukuhan, Mula le padha nggawa slametan per RT

Arum : Ancasipun dipunwontenaken saparan dumugi samenika menapa Pak?

Pak Bandi : Sasi sapar kuwi kan umume masarakat bar dha nenandur utawa bar dha panen. Lha kuwi dha nggo gawe sukuran dinei hasil karo sing kuwasa, njuk nggo ngibur masarakat ke nganakke rame-rame tledhekan karo wayangan

Cathetan Refleksi :

1. Mula Bukanipun Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo

Cathetan Lapangan Wawancara (CLW) 05

Dinten/Tanggal : Rabu, 11 Maret 2020

Papan : Dalemipun Pak Supangat

Wekdal : 19.30 WIB

Narasumber : Supangat

Arum : Asmanipun sinten Pak?.

Pak Supangat : Kula Supangat.

Arum : Kula badhe nyuwun pirsane bab saparan ing Padhukuhan Sokomoyo
menika Pak.

Pak Supangat : Mangga.

Arum : Saparan menika dipunwiwiti taun pinten Pak?

Pak Supangat : Kala rumiyin taun 1950-an tanggal 27 sapar menika dipunadani
slametan agung sasampunipun wonten wabah penyakit, dados
dumugi samenika taksih dipunlampahi terus.

Arum : Kenging menapa kok dipunlampahi tanggal 27 Pak?

Pak Supangat : Amargi kala rumiyin sabibaripun Mbah Jogo Setiko pikantuk
pepadhang utawi wangsit, para warga sami pirembagan. Lajeng
dipunsepakati tanggal 27 sapar.

Arum : Ancas dipunwontenaken Saparan menika menapa?

Pak Supangat : Ancasipun kangge ngaturaken raos syukur dhumateng Gusti lan
sareng-sareng ndedonga supados dipuntebihaken saking pancabaya
ingkang dhateng wonten warsa salajengipun.

Arum : Saking tradhisi saparan menika, menapa pedah ingkang saged dipunraosaken dening masarakat Pak?

Pak Supangat : Nggih saking tradhisi saparan menika wonten pinten-pinten manfaat kagem warga masarakat ing antawisipun njih segi sosial, budaya, ekonomi, pariwisata, agami, mila pancen migunani sanget kagem masarakat. Ingkang sepisan saking sosialipun, sosialipun warga masarakat saged ngraketaken anggenipun sami ngleksanakaken menika kanthi gotong royong, sami kerja sama satemah wiwit rancangan dumugi pungkasanipun saged mlampah sae awit sedaya manunggal antawisipun masarakat setunggal ;lan setunggalipun, mila pancen njig ageng sanget saking segi sosialipun.

Arum : Ingkang segi ekonomi menika kadospundi Pak?

Pak Supangat : Ekonominipun kanthi wonten kagiyatan menika dipunwonteni salah satunggaling panglipur-panglipur kados dene kesenian-kesenian, saengga wonten mriku warga masarakat ingkang gadhah pakaryan bakul menika saged, napa njih, mbeber dhaganganipun, sami sadeyan, satemah saged ngindakaken perekonomian kaluwarga senajan to namung mbok bilih kalaksanakaken satunggal tahun sepisan namung estu saged tambahan ekonomi kagem keluarga kasebat.

Arum : Salajengipun wonten segi budaya nggih Pak?

Pak Supangat : Nggih, saking segi budayanipun, menika sampun cetha sanget bilih budaya menika tilaranipun para sepuh ingkang sampun ngrumiyini mujudaken salah satunggaling budaya, pramila warga masarakat kanthi kegiatan menika kagem nglestantunaken nguri-uri lestarining budaya terutami ingkang wonten wilayah Padhukuhan Sokomoyo mriki. Lajeng saking segi pariwisata, wontenipun tradhisi saparan saged narik kawigatosan masarakat sak njawinipun Padhukuhan Sokomoyo. Inggang pungkasan saking bab agami, saparan menika wonten adicara nyadran, tahlil saha ndedonga kangge para leluhur. Lajeng sadaya makna ubarampe ingkang dipunsamektakaken menika tujuanipun kangge atur syukur dhumateng Gusti ingkang maha kuwasa saha kangge nyuwun dipuntebihaken saking pancabaya ingkang badhe dhateng. Mbok bilih mekaten mbak

Cathetan Refleksi :

1. Mula Bukanipun Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo
2. Paedah Saparan Kangge Masarakat Padhukuhan Sokomoyo



KEMENTERIAN RISET, TEKNOLOGI DAN PENDIDIKAN TINGGI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

Alamat : Karangmalang Yogyakarta 55281 Telepon (0274) 550839
Fax. (0274) 518617

PERMOHONAN IJIN SURVEY / OBSERVASI / PENELITIAN

FRM/FBS/31-01
10 JAN 201

Nomor : 524/UN34.12/PBD/1/2020.

Lamp : -

Perihal : Permohonan Survey/Observasi/Penelitian.

Kepada Yth.

Kajur Pendidikan Bahasa Daerah

Di FBS UNY.

Yang bertanda Tangan di bawah ini saya :

Nama : ARUM MIGI ROHANA No. Mhs : 16205241095

Jurusan / Prodi : Pendidikan Bahasa Daerah / Pendidikan Bahasa Jawa

Bermaksud memohon kepada Bapak / Ibu untuk berkenan memroses Surat Ijin Survey / Observasi /

Penelitian Tugas akhir Skripsi dengan Judul :

Saparan ing Dhusun Sokomoyo, Desa Jatimulyo, Kecamatan Ginmulyo,
Kabupaten Kulon Progo.

Lokasi : Dusun Sokomoyo, Desa Jatimulyo, Kecamatan Ginmulyo, Kp.

Waktu :

Demikian Surat Permohonan ini kami buat, atas perhatian dan terkabulnya permohonan ini kami ucapkan terima kasih.

Yogyakarta, 27 Januari 2020

Mengetahui :

Dosen Pembimbing,

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.

NIP 19640903 199001 1 004

Pemohon,

ARUM MIGI ROHANA

NIM 16205241095

Catatan : ✓ Coret yang tidak dipakai.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat : Jalan Colombo Nomor 1 Yogyakarta 55281
Telepon +62274-586168, Psw. 214, Fax. +62274-548207
Laman: fbs.uny.ac.id

Nomor : 1448/UN34.12/PP/Pen/2020
Lampiran : 1 bendel proposal
Hal : Izin Penelitian

24 April 2020

Yth. Kepala Dhukuh Sokomoyo
di Sokomoyo, Jatimulyo, Girimulyo, Kulon Progo, DIY

Kami sampaikan dengan hormat, bahwa mahasiswa tersebut di bawah ini:

Nama : Arum Migi Rohana
NIM : 16205241045
Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni
Program Studi : Pend. Bahasa Jawa - SI
Keperluan : Memohon izin mencari data untuk penulisan Tugas Akhir Skripsi (TAS)
Judul Tugas Akhir : Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo
Lokasi : Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo
Waktu Penelitian : 5 Oktober 2019 s.d. 10 Januari 2020

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon dengan hormat Bapak/Tbu berkenan memberi izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan bantuannya diucapkan terima kasih.



Rek. Dekan Bidang Akademik
Fakultas Bahasa dan Seni

Dr. Ds. Maman Suryaman, M.Pd.
19670204 199203 1 002

Tembusan:

1. Kepala Subag AKA FBS
2. Mahasiswa yang bersangkutan

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :


Nama : TUKIMIN
Umur : 60 TAHUN
Agama : ISLAM
Pekerjaan : PENGANGKAT DEPA .
Alamat : SOKOMOYO, JATIMULYO, GIRIMULYO, KULON PROGO

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancarai oleh saudara "Arum Migi Rohana" untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi yang berjudul "Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo".

Demikian surat pernyataan ini saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap dijadikan maklum. Terima kasih.

Sokomoyo, 7 MEKET 2020

Yang membuat pernyataan,


.....TUKIMIN.....

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :

Nama : Muh Abdilah
Umur : 61 th
Agama : Islam
Pekerjaan : petani (Tokoh Agama)
Alamat : Sokomoyo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancarai oleh saudara "Arum Migi Rohana" untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi yang berjudul "Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo".

Demikian surat pernyataan ini saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap dijadikan maklum. Terima kasih.

Sokomoyo, 8 Maret 2020
Yang membuat pernyataan,


Muh Abdilah

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :

Nama : Edi Suparno
 Umur : 52 tahun
 Agama : Islam
 Pekerjaan : Petani (Ketua RW 02)
 Alamat : Sokomoyo, Jatimulyo, Girimulyo

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancarai oleh saudari **“Arum Migi Rohana”** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi yang berjudul **“Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo”**.

Demikian surat pernyataan ini saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap dijadikan maklum. Terima kasih.

Sokomoyo, 9 MARET 2020

Yang membuat pernyataan,



Edi Suparno

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :

Nama : SUBANDIYO
 Umur : 76 TAHUN
 Agama : BUDDHA
 Pekerjaan : PETANI
 Alamat : SOKOMOYO RT 01 RW 01

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancarai oleh saudara **"Arum Migi Rohana"** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi yang berjudul **"Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo"**.

Demikian surat pernyataan ini saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap dijadikan maktum. Terima kasih.

Sokomoyo, 10 Maret 2020
 Yang membuat pernyataan,



SUBANDIYO

SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :


Nama : SUPANEAT
 Umur : 49 TH
 Agama : BUDHA
 Pekerjaan : PETANI
 Alamat : SOKOMOYO, JATIMULYO, GIRIMULYO, KP

Dengan ini menyatakan bahwa saya telah benar-benar diwawancarai oleh saudari "Arum Migi Rohana" untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi yang berjudul "Saparan ing Padhukuhan Sokomoyo, Kalurahan Jatimulyo, Kapanewon Girimulyo, Kabupaten Kulon Progo".

Demikian surat pernyataan ini saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap dijadikan maklum. Terima kasih.

Sokomoyo, 11 MARET 2020

Yang membuat pernyataan,



SUPANEAT